


SEI AIFANIRA

KUVE ARI MUFUDZI

 ...Ndinofungidzira, muparidzi anoita sekutora nguva yakareba. Uye ndisina dzidzo, ndi—ndinofungidzira handinzwike semuparidzi kune vamwe vanhu. Uye ini—ini handitombozviti ndiri muparidzi, ndinongoriwo sevhiri resipeya. Asi ndinonzwa kuti ndine Mharidzo kubva kuna Mwari, kuti nenzira yangu (ndiyo nzira yoga yandinofanira kuIpa nayo), ndiri kuedza kuIpa kunyika. Uye kana ndikasagara neMharidzo iyoyo, ndingazova mutengesiki kuna Mwari uye nemunyengeri kwamuri. Munhu anotaura chimwe chinhu otenda chimwe, hunyengeri. Tinofanira kugara tichitaura chokwadi kubva pamwoyo yedu. Kuti kana vanhu vakatitarisa, kunyangwe vasingabvumirani nesu, tinoda kuve varume nevakadzi vakatendeseke: kuti tinotaura zvinobva pamwoyo wedu, icho chinova chokwadi mumwoyo yedu.

² Gore rakapera, kana gore rekumashure kwacho, ndakava nemukana wekutaura mu—Mukristu...kana kuti ndiregerere iwo, mharidzo yeKisimusi, pano paRamada. Uye ndinotenda kuti ndakataura pamusoro pechidzidzo, kuda pano kana kuPhoenix, pamusoro pe: *Sei Bheterehema Duku?* Uye ndinotenda zvino kuti paive pano, gore rapfuura, ndakataura pamusoro pekuti: *Takaona Nyeredzi YaKe Kumabvazuva Uye Tauya KuzoMunamata.*

³ Zvino, munoziva, tinoverenga Bhaibheri, uye tinonetseka, nevaye “*vanaSei?*” Uye manheru ano ndafunga, kana mukandiitira moyo murefu kwechinguva, uye monamata neni, ndingaedza kukupai mharidzo yangu yeKisimusi. Mwari ndivo chete vanoziva kwatichange tiri Kisimusi inotevera, kana paine imwe Kisimusi inotevera mushure meino. Saka kuri kuti ino inogona kuve Kisimusi yekupedzisira yatakagara pamwe chete, kusvikira tagara pane imwe tafura. Uye haChizovi chimwe chemhando ino, asi pachave apo patichadya nekunwa chirairo patsva naYe, muHumambo hwaBaba pamagumo enzira. Uye zvakare, ngatisvikei kwazviri manheru ano sokunge ino ndiyo yanga riri mharidzo yeKisimusi yekupedzisira yatiri kuzogara pamwe chete, muhudzamu hwekuperera.

⁴ Ndinoda kutaura manheru ano pamusoro pechidzidzo chisina kujairika, asi dzimwe nguva munowana Mwari muchinhu chisina kujairika. Vanoita zvinhu nenzira isina kujairika. Kwete nzira yakajairika, inzira isina kujairika, nguva dzisina kujairika, zvitiko zvisina kujairika, haVajairirike. Uye

ndinoda izvi. . . Ishe vachitendera, ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo chokuti: *Sei Aifanira Kuve Ari Mufudzi.*

⁵ Uye zvino tisati tasvika kuShoko, randinotenda kuti ndiMwari, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama ndokugara pakati pedu.”

⁶ Sezvandakataura, vhiki rakapfuura, kana vhiki riri seri kwerakapfuura kuPhoenix, “Zvakaratidzwa kuti kune vanhu vepasi rino, vanhu, vari kupfuura nemuchivakwa chino zvino.” Terevhizheni inozviratidza izvozvo. Zviri mune chimwe chiyero, maziso edu epanyama uye nepfungwa dzedu 5 hazvigone kuzvibata. Hakusi kuti terevhizheni inogadzira chero chinhu, inongoisa mugwara. Haugone kufamba nemunwe wako, haugone kubwaira ziso rako, asi zvakararatidzwa kuti zvakarekodhwa nokusingaperi. Ndinogona kunge ndakamira. . . Kana kuti munhu ari muAustralia, angave ane te—terevhizheni pano, kwete izvozvo chete asi mu—munhu wacho anogona kutaura, ofambisa munwe wake, obwaira ziso rake, kana kunyange ruvara rwembatya dzaakapfeka, zvinozoraratidzwa pano pamadziro; asi iye ari muAfrica, Australia, pasi rose. Munoono, pane kutenderera kwemasaisai emuchadenga. Handikwanise kuzvitsanangura, asi ndinoziva kuti zviripo. Handifungi kuti pane anganyatsogona kuzvitsanangura. Saka, terevhizheni inokwanisa kutora izvi uye yozviita kuti zvive mazvirokwazvo kubudikidza nemimwe midziyo, kuti vazokwanisa kuzviratidzira pamadziro.

⁷ Zvino, chinhu chimwe chete ichocho chaiva pano Adhamu paakanga ari pano. Terevhizheni yaive pano paya—paya Eria paakagara paGomo reKarimeri. Yaive pano apo Martin Luther, muprisita uya wechidiki, akakandira chirairo pasi akati, “Ikosha! Uye vakarurama vachararama nokutenda.” Yakanga iri pano panguva iyoyo, asi isu tiri kungobwa kuiwana zvino. Uye zvakadarowo zvakare, kuti pamberi pedu manheru ano pana Mwari, Ngirozi, zvisikwa zvepamweya zvisingaonekwe nepfungwa yedu yekuona yepanyama. Asi rimwe zuva zvichava mazvirokwazvo sezviri terevhizheni zvino, uye zvingori zvamazuva ese. Zvino, ndicho chikonzero ndichitenda Shoko.

⁸ Jesu akati, “Ani naani anowedzera shoko rimwe kuBhaibheri iri, kana kubvisa Shoko rimwe kubva maRiri, chikamu chake chichabviswa muBhuku reHupenyu.”

⁹ Saka, ngatikotamisei misoro yedu zvino, tisati tatomboRiverenga. Tichirevesa kwazvo! Chero munhu ane simba repanyama anogona kuvhura peji, asi Mwari voga ndivo vanogona kuRizarura.

¹⁰ Uye takakotamisa misoro yedu zvino kuguruva kwatakatorwa, uye nerimwe zuva tichadzokera, Handizivi. . . Uye munguva ino yekurevesa, patiri kuswadera kuKisimusi,

kana paine vamwe pano vanonyatsonzwa kusakodzera uye vanoda kurangarirwa mumunamato uyu, munga (usina kusimudza musoro wako) ingosimudza maoko ako kuna Mwari uye woti, “Ndirangarireiwo, Ishe, Kisimusi ino”? Mwari vakuropafadzei.

¹¹ Baba veKudenga Vatsvene-tsvene uye vane Nyasha, Mwari Samasimba, iVo vaivepo kubva pamavambo, kusati kwava nenyeredzi, kana atom, kana molecule. Makaita zvinhu zvose kubudikidza naJesu Kristu Mwanakomana weNyu, uye makatipa zvinhu zvose pachena maAri. TinoKutendai, manheru ano, Ishe, nemukana uyu waMatipa wekuungana pamwe chete, kuti tiyambirwe nokudzidziswa noMweya Mutsvene. Zvino Mweya Mutsvene unotora Mashoko eNyu oAzarura kwatiri, nokuti Jesu akati, “Kana Iye Mweya weZvokwadi wauya, Achakuyeuchidzai zvinhu izvi zvandakareva uye achakuratidzai zvakare zvinhu zvichauya.”

¹² Mwari, hapana mumwe chete pakati pedu, uye hapana mumwe chete ari panyika, akakodzera kuedza kududzira Shoko reNyu, nokuti zvakanyorwa kuti, “Shoko raMwari haridudzirwe pakavanda.” Naizvozvo, Ishe, tinonamata kuti Mweya Mutsvene ugotipa manheru ano, mumwe nomumwe, mugove watinoda kugutsa nzara iyoyo iri mumoyo yedu yokuti tifambe pedo neMi. Hatina kufanira, hatina kuchena, hatina kukodzera. Regai Mwana akazvarwa muBheterehema, akararama hupenyu hwakanyanyisa kukwana, uye akave munhu ega akakwana panyika, uye akazvipa Iye serudzikinuro kuti Atichenese isu vatadzi vane tsvina uye agotiunza muhukama naBaba, zviitei manheru ano kuti Mweya waKe Mutsvene (kuburikidza nekuparidzwa kweShoko) uzotiitira izvozvo.

¹³ Ishe Mwari, kune vazhinji vanorwara munyika nhasi, ipo paine mishonga yakanakisa yatakamborapisa nayo, nemishonga yakanakisisa uye nezvipatara zvakanakisisa. Uye kunyangwe nemune zvese zviwanikwa zvedu zvikuru zvesainzi, zvakadaro kutori nehurwere hwakawanda kupfuura hwakambozivikanwa nenyika, nokuti kune zvivi zvakawanda nekusatenda kudarika zvakambozivikanwa nenyika. Tibatsirei manheru ano, Murapi Mukuru, uye mupodze vanorwara vari pakati pedu.

¹⁴ Uye tipeiwo Mweya, Mweya wechokwadi weKisimusi. Apo nhasi uno...kuti apo panoitwa mitambo yechihedheni, miti yeKisimusi ichinamatwa, nyaya dzengano dzemu—murume anonzi Santa Claus, uye nezvetsuro dzedu dzeEsta, uye nemafashoni akasiyana-siyana ayo nyika yevezvekutengeserana iri kuzvishandisa kwazvo, ngazviiswe parutivi, Mwari. Ngatipindei muna Kristu Shoko, nokuti tazvikumbira muZita raKe uye nokuda kwekubwinya kwaKe. Amenii.

¹⁵ Kana mungavhura pamwe neni kuti tiverenge muZvinyorwa Zvitsvene, Mutsvene Ruka, chitsauko 2. Muri kundinzwa

zvakanaka here?

Pane ruzha here kubva mumamaikirofoni? Muri kundinzwa zvakanaka here kumashure? Kana muchikwanisa, simudzai ruoko rwenyu. Ndatenda. Chitsauko 2 cheEvhangeri maringe naMutsvene Ruka.

Zvino zvakaitika kuti namazuva iwayo, kuti pakaitwa chirevo kubva kuna Kesari Augusto, kuti nyika yose ibhadhariswe mutero.

(Zvino mutero uyu wakatanga kuzivikanwa...ari mubati weSiria.)

Zvino vose vakaenda kundoteriswa, mumwe nomumwe kunyika yekwake.

NaJosefawo akabva Garirea, muguta reNazareta, achipinda muJudhea,...guta raDhavhidhi, rinonzi Bheterehema; (nokuti aiva weimba noworudzi rwaDhavhidhi:)

Kuti abhadhariswe mutero pamwe naMaria mudzimai wake waakanga atsidzirana naye, akurirwa napamuviri.

Zvino zvakaitika, kuti, ari ikoko, mazuva okukwanisa kwake kuti abatsirwe.

Zvino akasununguka dangwe rake mwanakomana, uye akamuputira nemicheka yepajoki, akamuvanzarika muchidiro chezvipfuwo; nokuti makanga musina nzvimbo mumba mavaeni.

Zvino kwakanga kuna vafudzi munyika imwe cheteyo vaigara muminda, vachirinda mapoka avo usiku.

Zvino, tarira, mutumwa waShe akamira navo, nokubwinya kwaShe kukapenya kwakavakomba: zvino vakatya nokutya kukuru.

Zvino mutumwa akati kwavari, Musatya: nokuti, tarirai, ndinounza...mashoko akanaka omufaro mukuru, uchava kvanhu vose.

Nokuti nhasi mazvarirwa nhasi muguta raDhavhidhi Muponesi, anova Kristu Ishe.

Uye ichi chichava chiratidzo kwamuri; Muchandwana mwana mucheche akaputirwa nemicheka yepajoki, avete muchidiro.

Zvino kamwe-kamwe pakavepo...Zvino pakarepo ipapo...nengirozi mhomho ye...hondo yokudenga vachirumbidza Mwari, uye vachiti,

Mwari ngavarumbidzwe kumusoro-soro, uye nepanyika rugare, tsitsi kvanhu.

Zvino zvakaitika kuti, vatumwa vakati vabva kwavari vaenda kudenga, vafudzi vakataurirana vachiti, Ngatiendei hedu kuBheterehema, tindoona chinhu ichi chaitika, icho chataziviswa naIshe.

Zvino vakapinda nokukurumidza, vakawana Maria, naJosefa, nomwana muचेचे avete muchidziro.

Zvino vakati vazviona, vakazivisa kwose shoko ravakanga vaudzwa rezvemwana.

Uye vose vakazvinzwa vakashamiswa nezvinhu izvo zvavakaudzwa navafudzi.

Asi Maria akachengeta zvinhu zvose izvi, achizvifungisisa mumwoyo make.

Zvino vafudzi vakadzokera, vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro pezvose izvo vakanzwa nezvavakaona, sezvavakanga vaudzwa.

Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo.

¹⁶ Zvino, i...Sei chiitiko chikuru ichi chakazarurirwa kuvafudzi? Chingava chinhu chinoita sekushamisa kwatiri. Ndine Magwaro akanyorwa pano, uye nezvinyorwa zvisihoma zvandichaedza kutsanangura, kuti ndikutsanangurirei kuti sei nekuzivisisa kwangu. Uye zvichida mushure meizvi, kuti Ishe nenyasha dzaVo, manheru ano, vachabvisa anasei ava kubva kwatiri. Asi here. . . Vazhinji vedu tose, ndinofunga, pane imwe nguva kana imwewo, takashaya kuziva kuti sei chiitiko chikurusa ichi chenguva dzose chakazarurwa kuvafudzi. Sei Rakazarurwa kuvafudzi uye kwete kuvadzidzi vebhaibheri venguva iyoyo? Ndivo vakanga vakadzidziswa kuRinzwa. Uye sei Rakauya uye rikadarika vapfumi, uye rikauya kuvarombo? Zvakare, sei Rakadarika vakadzidza nevakachenjera, ndokuuya kune vakaninipa nevasina kudzidza? Pane mibvunzo mishoma yekuti sei mune izvi.

¹⁷ Uye chimwe chikonzero ndingataura, cherechedzai, mwana akaberekerwa muBheterehema. Izvo Bheterehema mududziro yechiHeberu, seyatakava nayo makore mashoma apfuura pano, *Bheterehema* zvinoreva kuti “imba yechingwa chaMwari.” Uye takaratidza muMagwaro, haAigona kuuya kune imwe nzvimbo. Bheterehema rakavambwa naRakabhi nemurume wake—wake. Rakabhi akanga ari chipfeve chakafambidzana nomukuru wemauto, kubva kumauto e—elsraeri, mushure mokutora Jeriko. Uye nokutenda akatenda Mharidzo yaMwari, ari muchinhano chake, uye akaponeswa. Uye kubva ipapo, Joshua paakagovera nyika apo mumwe nemumwe aizove, . . .

¹⁸ Uye pane chidzidzo chikuru chandinovimba ndichakwanisa kuunza kuTucson, chavanaamai vaye vechiHeberu vachibereka vana ivavo. Pavaigomera pamarwadzo ekupona mwana wacho,

vakatumidza zita remwana iyeye uye izvozo zvakamuisa munzvimbo chaiyo munyika yechipikirwa, dzinza rake. Chinhu chikuru, Shoko rose raMwari rinonyatsopindirana pamwe chete. Kana rikasapindirana pamwe chete, harisi Shoko raMwari risiri kuenderana, ipfungwa dzako dzisiri kuenderana neShoko. Rose rinopindirana pamwe chete.

¹⁹ Saka, zvino, Akanga ari Chingwa cheHupenyu, sezvatakadzidzisa vhiki yapfuura kuPhoenix, kana kuti vhiki raive kuseri kwerakapfuura. Uye ari Chingwa cheHupenyu, hapana imwe nzvimbo yaAigona kuuya kunze kwe “*imba yechingwa chaMwari*.” Uye ndicho chaivo chikonzero *sei*. Zvino, pano, Jesu anoberekerwa muBheterehema, uye muBheterehema maiva nesinagoge, vatungamiriri vakuru vechitendero vaigara muBheterehema. Dhavhidhi mambo mukuru aive mufudzi akaberekerwa muBheterehema, baba vake Jese vakaberekerwa muBheterehema, sekuru vake Obhedhi vakaberekerwa muBheterehema. Uyewo, nzira yose kudzoka kumashure, akabva kuBheterehema.

²⁰ Zvino pano, Jesu Mwanakomana waDhavhidha anozvarirwa muBheterehema, pasi chaipo pemimvuri yemacathedral makuru. Zvino kana vanhu ivavo vakadzidziswa, uye vakanga vari kutarisira Mesiya kwemakore ose aya; makore 4,000, Mesiya akanga aporofitwa kuti achauya. Uye zvino kana Mesiya akazvarirwa mumumvuri wecathedral, ko sei vakatozoenda seri chaiko kumakomo kune boka revafudzi vasina dzidzo, vasina kudzidziswa kuti vaunze Mharidzo huru, Mharidzo yekutanga? Zvino ndokutuma vafudzi! Kwete avo vakachenjera uye vakadzidziswa, asi vafudzi. Chinhu chinoshamisa, handizvo here? Asi panofanira kuva nemubvunzo kuti *sei* pane imwe nzvimbo...Pane mubvunzo kuti *sei*, zvino panofanira kuva nemhinduro kuti *sei*! Uye hakuna munhu anoziva mhinduro kunze kwaMwari. Ivo ndiVo vanoziva mhinduro.

²¹ Zvino, rangarirai, Mesiya akanga atova muguta, akaberekerwa muguta, mudanga; pedyo chaipo nemacathedral makuru umo muprisita mukuru...nevaprisita vakuru, nevadzidzi vebhaibheri, uye vakachenjera, nevakadzidziswa, vose vakanga varipo vakamirira Mesiya. Zvino hapo paAkanga ari, pakati pavo chaipo! Asi seizve vakazoenda ku...kunze kumakomo eJudhea kune vasina kudzidza, vasina kudzidziswa, vasina tsika, varombo pane vose? Aitaridzika semunhu asingatombokodzera basa rakadaro, rokuzarura Mharidzo uye nekuvatuma kuti vaunze Mharidzo.

²² Munoziva maonero angu? Anogona kunge asingareve zvakanyanya, asi ndinoda kupa maonero angu: ndinotenda kuti imhaka yehuchenjeri hwaMwari, nokuti Vaiziva kuti vaisazogamuchira Mharidzo yakadaro nenzira yaYakauya nayo. Yakanga isiri maringe nekudzidziswa kwavo. Yakanga yakasiyana. Yakanga isiri izvo zvavakanga vadzidziswa kutenda

kuti Aizova akaita. Yaipesana nenzwisiso yavo yedzidzo yebhaibheri. Kudzidziswa kwavo kwese, kudzidza kwavo kwese kwakadarikwa, kukashaya basa. Ndinotenda kuti hwaive huchenjeri hwaMwari hwaiziva kuti havaizogamuchira Mharidzo yakadaro.

²³ Saka Mesiya aive pano, uye panofanira kunge paine anoIcherechedza. Uye Vaiziva avo vakanga vasati vavhiringika muzvinhu zvakadaro. Aizonyanya kukwanisa kusvitsa mharidzo yaKe kuboka risina kudzidza, kupfuura zvaAizoita kuboka rakavhiringika rakanga rakadzika midzi munzira dzavo kuti hapana chaigona kuvashandura, kunyangwe kana neShoko raMwari.

²⁴ Uye zvino, shamwari yeChikristu, regai ndibvunze mubvunzo uyu, nokuperera kwese nerudo. Handizivi kana Angaita chiito chimwe chetecho manheru ano, otumira kwatiri muchizvarwa chino Shoko rakavimbiswa rakavimbisirwa chizvarwa chino, handizivi kana vadzidzi vedu vebhaibheri, nevadzidzisi, nevakachenjera, kuti havangaramba here Mharidzo zvimwe chete sezvavakaita kare? Vanhu havashanduke, kana Shoko raMwari harishanduke. NdiMwari vasingashanduki, haVashanduke!

²⁵ Cherechedzai, Ngirozi dzichiuya uye... Ngirozi dzichiuya uye dzichipa Mharidzo yadzo kuvanhu vakaderera zvakadaro, apo paive nevarume ikoko vaidarika (vaifungwa nenyika) kuve vakodzera kupfuura vafudzi ava varombo, vasina kudzidza. Mufudzi ndiye aive asina kudzidza kupfuura chero ani zvake, aisada kuti azive chimwe chinhu kunze kwemakwai ake chete. Aisada kuti azive masvomhu. Aisada kuti azive kuti a—anotsemura sei atom. Aisada kana dzidzo zvayo. Aingofanira kuziva makwai ake bedzi, ndizvo chete zvaafanira kuziva. Zvino Mwari, Huchenjeri hukuru, uye neChitubu nedura rehuchenjeri hwose, vangasarudza munhu akadaro (vanhu, waro, vakadaro), uye vonyenyeredza vadzidzi vose vakanyatsodzidziswa vakadzidziswa kuZviziva. Zvinotaura chinhu chimwe chete, kuti vakadzidziswa muzvinhu zvisiri izvo. Vachipfuura vanokosha vose venyika; kwakanga kune vanhu vanokosha, vadzidzisi vakuru, Kayafasi muprisita mukuru, vamwe varume vakakurumbira vazhinji, vose veIsraeri vakadzidza zvepamusoro, masangano ose, nevadzidzi vebhaibheri vaizvitutumadza, Mwari vakanyenyeredza vose zvavo! Zvino, ndihwo huchenjeri hwaMwari.

²⁶ Cherechedzai, Matenga eKumumusoro-soro achimhanyira kunokudza vakanyanyisa kuninipa nevasina kudzidza vepanyika. Denga reKumusoro-soro rakaburuka kuti riMuzivise kune vakadereresa vepanyika, vachidarika zvose kuti Azvizivise kuvafudziwo zvavo; richiuya kuzopa vafudziwo zvavo ava Mharidzo hurusa munguva dzose. Kwakambove nenhume huru dzakawanda. Tingafunga nezvemuzuva raNoa, nevaporofita,

ne—nevaprisita vakuru, nevamwe vakadaru, vaiveko mumazuva akapfuura. Varume vakuru vakadzidza, madzimambo, vatongi, madzishe, asi heunoi Achiuya neMharidzo hurusa kupfuura dzose. Yaiva Mharidzo yokuti kudii? “Mesiya ari pano zvino!” Maona? Uye kuti iziviswe, Akadarika vose vakadzidziswa, kuti iziviswe kuvafudzi vakaninipa.

²⁷ Pafungei: vafundisi vese, vanhu vese vemumakereke, vadzidzisi vese, dzi—dzidziso yose yebhaibheri, mari yese yakanga yashandiswa, makereke ese, uye dzidziso, nemasangano, zvose zvakanyenyeredzwa! Dzidzo yese yavakange vashandisira pamamishinari ose—ose, nekutendeutsa kwose, nhengo dzose, nezvose zvavakanga vafunga kuti vakanga vaita rukudzo kuna Mwari, vakadaru Mharidzo inokosha yazvo yose yakanyenyeredzwa kubva kwavari. Zvinoshamisa! Sei? Maona?

²⁸ Uye cherechedzai, kwete izvozvo chete, asi nzvimbo isingatarisirwi kuchitiko chakadaru. Vafudzi, zvino, ndivo vacho vakagamuchira Mharidzo. Uye zvino cherechedzai paive neMharidzo: panzvimbo isingatombofungidzirwe yekuti ani zvake angafungidzira kuti Ingauye. Uye handizivi, manheru ano, kana tanga tiri kutarisira Mharidzo yechokwadi yaIshe Jesu, handizivi kana Ingave mune rimwe boka risingafungidzirwe, nzvimbo yaive...yekuti nyika huru, ine tsika dzepamusoro nechechi nhasi yaizofunga kuti raive boka re—re, oo, vakatsauka pachitendero? Handizivi kuti kwaisazova here kwacho kwataizoMwana? Nzvimbo isingatombotarisirwa, uye nekune vatauri vasina kunyanyisa kukodzera. Vafudzi hapana chavaiziva nezvekutaura, vaingodaidza makwai chete; saka, pamwe ndosaka Yakauya.

²⁹ Asi paiva neShoko rakavimbiswa. Cherechedzai, zvinogona kudaro zvakare.

³⁰ Yakadarika varemekedzwa vose venyika iyoyo. Yakadarika varemekedzwa vose, uye ikazarurwa kune vakashoreka. Varemekedzwa vose vaive vakashongedzwa ne—nehuchiremba hukuru hwefundo yechitendero ne—nefundo yekushanda kwenjere, ne—nedzidzo dzepamusoro, nemacathedral makuru nezvimwe, zvose zvakanyenyeredzwa ikazarurwa kune vanhu venhando. Huchenjeri, huchenjeri husingaperi hwaMwari Samasimba hwakazviita, kuzivisa kwavari Mharidzo hurusa yati yakambovapo, “Mesiya ava panyika zvino.” Huchenjeri hwakadaru! Yaingogona bedzi kubva kuna Mwari vanoziva huchenjeri! Huchenjeri hwose nedzidzo yose, nezvose, zvakanga zvashaiswa maturo zvino uye zvikadarikwa nehuchenjeri hukuru hwaMwari. Ndinoramba ndichidzokorora izvozvo nokuti ndinoda kuti zviende zasi pakadzika. Zvose zvakashaiswa maturo, zvaive zvisina zvazvinobatsira. Ndokuzvipfuura zvese kuti huchenjeri hwaMwari hutore

mukana, kuti Mwari vanотора zvisina basa vozviita zvimwe zvinhu.

³¹ Tinogona kumira pano totaura nezvaJohane. Tinogona kumira totaura nezvaEria. Hapana anoziva kwakabva Eria. Chavanoziva chete ndechekuti, akangooneka panzvimbo. Vaporofita kumashure mukufamba nemumazera, vaive vanhu venhando. Asi Mwari vakatora ivavo ku...ndokudarika tsi—tsika dzechechi, uye nedzidziso, kuita...kuratidza kuti iVo ndiMwari. Vanотора chimwe chinhu chisina basa, kuti vaite chimwe chinhu nacho. Vanoratidza huchenjeri hwaVo nehuMwari hwaVo nekudaro, kuti Vanотора vasina basa. PaVakatanga kusika munhu, Vakangotora chibhora chedhaka ndokugadzira munhu kubva machiri. Apo pakanga pasina chinhu kunze kwedhaka, asi Vakagadzira munhu. Uye Mwari vanотора zvinhu zvisina maturo zvino, kuti vaite zvimwe zvinhu nazvo. Uye chero bedzi tichifunga kuti tiri zvimwe zvinhu, zvino hatigone kushandiswa muruoko rwaMwari. Tinofanira kusiya zvose zvatakamboziva kana kudzidza. [Hama Branham vanogadzirisa pahuro pavo—Mupepeti] (Ruregerero.) SaMutsvene Pauro mukuru, akati akatozokanganwa zvose zvaakambodzidza, kuti agoziva Kristu.

³² Chikoro chavo chose, dzidziso dzavo dzose nezvimwe zvakadaro, zvaitowedzera kuvaitira zvakashata. YakazoMuramba pakupedzisira! Dzidziso yacho chaiyo yavakange vanayo *vachiitira* iYe, kuti vaMutende, yakazodzoka yova muvengi waKe mukurusa, ndokuMurovera pamuchinjikwa!

³³ Munoziva here kuti nhoroondo inozvidzokorora nguva nenguva? Ichokwadi chinozivikanwa. Inogona kuitika zvakare parutivi rwechu chaipo. “Oo,” unoti, “Dai ndaive ndakararama kareko...” Asika, zvino, kana uchida kuziva zvaungadai wakaita munguva iyoyo, tarisa chinhanu chako chauri zvino; uye unokwanisa kuona zvaungadai wakaita panguva iyoyo, nekuti zvirokwazvo zviri kuzviratidza.

³⁴ Ndokudzidziswa kutenda Shoko raVo, zvino zvakare Shoko raVo parakasimbiswa pamberi pemeso avo chaiwo, vakaramba Shoko rakasimbiswa. Mwari pavakaraidza zvaVaizoita, uye vakataura zvaVaizoita, uye vakaratidza zvaVaizoita, zvino vakabva vatendeuka ndokudaidza murume uyu kuti “mweya wakaipa” (izvo zvakavaisa vose pasi pechituko). Fungai zvakazoitika! Fungai kuti chii chakavakonzera; kudzidziswa kwavo kwakavaita kuti vasacherechedza Shoko racho chairo rakaitwa nyama muzuva ravo; kudzidziswa kwacho chaiko kwavaive nako muzvikoro zvavo, nevadzidzisi vacho chaivo vakanakisisa.

³⁵ Uye unoti, “Asika, hatingaite izvozvo nhasi.” Vadzidzisi vavo vakanga vari vepamusoro-soro zvikuru kune vedu

nhasi (vepamusoro, waro, kune vadzidzisi vedu), zvino vakakundikana. Vakanga vasina masangano 996 akasiyana-siyana seatinawo nhasi. Vaive neangaite 3. Uye mune 3 iwayo, teverai muchidzika kusvika kune 3, uye hapana pane 3 iwaya akaIcherechedza! Zvinongoratidza chete kuti zvinoitwa nemunhu hupenzi kuna Mwari. Maona?

³⁶ Zvino, vakatadza kuIcherechedza. Zvino... Uye vano zoita zvimwe chetezvo zvakare.

³⁷ Munhu... Vavariro yakanaka, inogara yakanaka. Uye munhu haashanduri maonero ake, haamboshanduri nzira dzake zvakanyanya; ndiri kutaura nezvemunhu wemunyika. Munhu anogara achirumbidza Mwari, munhu anonamata, nokuda kwezvaVakaita, uye achigara achinongedzera vanhu kune zvaVachaita, uyezve achifuratira zvaVari kuita! Maona? Ndizvo zvingori munhu, akaitwa nenzira iyoyo, agara akadaro. Uye imi vaverengi veBhaibheri manheru ano munoziva kuti zviri maererano neShoko, “ndizvozvo.” Vanogara vachirumbidza Mwari pane zvaVakaita, vachitaura zvaVachaita, uye vachifuratira zvaVari kuita. Ndiyo inongori tsika yemunhu.

³⁸ Chikonzero chavakaita izvi, vadzidzisi, semaonero angu zvino: vakanga vadudzira Shoko, nokuti vose waitenda muna Mesiya aizouya. Israeri yose yaizvitenda, nanhasi vachiri kuzviita. Asi chikonzero chavasina kuMucherechedza, Mharidzo yaKe yakanga isiri maererano nezvaigamuchirika kuvafundisi vavo. Ivo... dudziro yavo yavaive nayo yeShoko, Mesiya haana kumboZviratidza nenzira yavakanga vadudzira kuti Aizozviita. Saka, naizvozvo, havana kuMuziva nokuti Yaisaenderana nedudziro yavo. Sezvandakambotaura kumashure, uye ndinotaura zvakare, “Mwari havadi chero ani zvake kuti adudzire Shoko raVo. Ndivo vanoZvidudzirira pachaVo.”

³⁹ Zvino, Bhaibheri rinoti... Regai ndikuratidzei zvino kuti ichocho iChokwadi. Isaya muporofita, makore 715 izvi zvisati zvaitika, muporofita Isaya akati, “Mhandara ichabata mimba, uye ichabereka mwana.” Hapana kupokana kuti munhu wese muzera iroro aifunga kuti mwanasikana wavo aizova mudzimai iyeye, nokuti Isaya akazvitaura. Asi, munoono, akave makore 700 akazotevera. Asi apo... Mwari vakanga vasingadi mumwe munhu anodudzira Shoko raVo, paVaizozviita, kana maitiro aVaizozviita nawo. Vakati Vaizozviita, uye Vakazviita!

⁴⁰ Mwari vakavimbisa kuti iVo... muna Isaya, zvakare, ndinotenda chitsauko 28, pandima 18. Uyewo muna Joere 2:28, kuti mumazuva okupedzisira, makore 2,000 okupedzisira, Vaizodurura Mweya waVo pamusoro penyama yose. Vakati, “Vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita. Majaya enyu achaona zviratidzo. Vatana venyu vacharota hope.” Uye nezvinhu zvaVaizoita, Isaya akati, “Nemiromo inokakama nedzimwe ndimi Ndichataura kuvanhu ava, uye iri ndiro

Zororo.” Asi vaisaRinzwa. Vakazunguza misoro yavo ndokufamba vachiRipfuura. Akati, “Matafura ose aMwari aizozara namarutsi, uye paisazove nechakachena.” Uye kana usiriwo mufananidzo weJerusarema, nekereke yezuva iroro pakuuuya kwaMesiya, mufananidzo nhasi mumwe chetewo. Uri kungozvidzokorora.

⁴¹ Zvino, Mwari pavanotaura kuti Vachaita chinhu, Vakachiita. Zvisinei nekuti ani zvake anofungei pamusoro pazvo, kana ani zvake anotii, kana Mwari vataura nezvechimwe chinhu, Vanosungirwa kududzira Shoko iroro pachaVo. Uye kusimbisa kwaVo Shoko ndiyo dudziro yaVo pachaVo. Cherechedzai, kusimbisa Mharidzo yaMesiya waVo. Vakavimbisa zvaizoitwa naMesiya paAchauya. Uye paAkauya. . .

⁴² Kunyange vachenjeri vokumabvazuva vakanga vatarira kumawodzanyemba kwakadziva kumadokero, kubva kwavakanga vari muBhabhironi, zvino vakaona nyeredzi huru yayiyevedza. Manga muchiziva here kuti hapana kana kadodzi kenhorondo, chero kupi zvako, kuti chero nzvimbo ipi zvayo yekuongorora zvemuchadenga (uko kwavaitochengeta ngu—ngu—nguva vachishandisa nyeredzi, varume vakuru vainzvera nyeredzi idzi). . . Hapana nhorondo inotaura kuti chero imwe yadzo yakaona nyeredzi iyoyo zvachose. Sei? Hazvina kupihwa kwavari, vakange vasiri kutarisira zvakadaro. Asi varume vachenjeri ava vaiziva kuti paizova neNyeredzi yaJakobho ichabuda, uye vakanga vachilitarisira, uye Yakapfuura kubva panguva yakaberekwa Jesu muBheterehema. . .

⁴³ Zvino, ndinoziva tsika dzedu dzeChikristu, zvakangofanana nemachechi edu, ane zvinhu zvingori manyama amire nerongo. Unobuda kunze kuno uye woona vachenjeri vachiuva kuzonamata muचेचे; hakuna chinhu chakadaro muRugwaro. Makore 2 akazotevera vakasvika ikoko, vachidzika nomumapani uye vachiyambuka Rwizi rweTaigirisi. Havana kumbouya kuzonamata muचेचे, asi mwana mudiki ane makore angaita 2. Seiko zvaive, panguva imwe cheteyo, Herodhe akauraya vana vose vaiva pasi pemakore 2 ekuberekwa? Kutu agone kubata Mesiya. Munoono, ivo. . . Mwari vakanga vasimbisa neShoko raVo.

⁴⁴ Zvino vachenjeri ava pavasvika kuJerusarema. . . Nyeredzi yakavatungamirira kumuzinda wechinamoto chepasi rose, Jerusarema. Zvino pavakangopinda pamasuwo iwayo, nyeredzi iya (chemweya chakanga chavatungamirira) ndokuramba kuvaratidza zvachose. Vachikwira nekudzika mumigwagwa varume vakanaka ava, vapfumi vane mangamera akashongedzwa zvakana, nezvimwe zvakadaro. . . vachikwira nekudzika mumigwagwa vachiti, “Aripi iYe akazvarwa ari Mambo wemaJudha. Takaona nyeredzi yaKe kumabvazuva.” Uye muzinda mukuru iwoyo wechinamoto, mushure memakore 2 eMharidzo yevafudzi, nazvino vakanga vasina mhinduro kana

kuti hapana chavaiziva pamusoro paYo. Mukuru wemasangano ese akanga asina mhinduro.

⁴⁵ Naizvozvo zvakavhiringidza Sanihedhirini, uye vakadana Vanyori kuti vauye vaverenge. Zvino vakaverenga nyaya yaMika, muporofita yakati, “Iwe Bheterehema, hauzi here mudukusa pamachinda ose aJudha (mudukusa), asi kubva mauri kuchabuda mubati aчатonga vanhu vaNgu, Israeri.” Uye shure kwokunge Magwaro averengwa (uye achiri kusimbiswa pamberi pavo), zvakadaro havana kuIgamuchira, kunyangwe Gwaro rakataura kudaro. Ndinopokana zvikuru kuti vangadaro nhasi uno, kana Magwaro akavimbisirwa zuva rino aizoratidzwa. Ndingasazokuparidzirai zvakare, asi ndinoda kuti mubate izvi. Kunyange zvakadaro havana kutenda!

⁴⁶ Huchenjeri hukuru hwaBaba hunoita kuti huchenjeri hwemunhu huve hupenzi kwazvo zvekuti Vanoderedza munhu kuva mudiki. Vanosvika panzvimbo apo zvinoita kuti munhu azvinyarire kwazvo, uye asina kukura zvakakwana kuti abvume kuti “akakanganisa.” Anoramba akamira nenyaya yake, zvisinei kuti Baba vanoratidza zvakadii kuti Shoko raVo nderechokwadi uye Vari kuita izvo zvaVakangovimbisa kuita. Munhu anofunga kuti huchenjeri hwake hwakakura kwazvo kudarika hwaMwari, kana hukasauya maererano nehuchenjeri hwake, “Handiti, haIna kudaro.” Ndizvo zvazviri muzera rega-rega, achiri kuzviita. Munoono kuti nyaya yacho yakanga yakakodzera sei, zvino?

⁴⁷ Kufemera kwakadini kuvafudzi ivavo! Ngirozi dzichidzika kuzotaura kuvafudzi, Ngirozi dzaMwari dzichiyaya kuzotaura kuboka revafudzi.

⁴⁸ Handizivi kana wakambova nemukana we—wekutaure nomufudzi kana kuva nomumwe, kwechinguva? Kana waizodaro, ini—ini handidi kuzvitaure nekuda kwechirevo changu chandave kuda kuzotaura mushure mechinguva, asi mufudzi anogara nemakwai zvakananyanya zvokuti anotoseka semakwai (anochema), anotaura semakwai, uye anonhuwa semakwai. Ndizvozvo, nokuti anenge aine makwai. Ndizvo zvoga zvaanoziva, makwai ake.

⁴⁹ Zvino, Shoko rakasimbiswa reChokwadi. Kana vafudzi ava, varume vakaninipa, vasina kudzidza... Rukudzo rwakadini, zvakanodzera sei kumufudzi kugamuchira shoko rehwei itsva yazvarwa. Hakuna kumwe kwayaigona kuuya kunze kwemufudzi. Ndicho chikonzero Akazvarirwa mudanga, uye kwete mumba. Makwai haazvarirwe mumba, kana mukamuri yemuchipataro yakashongedzwa nepingi. Maona? Anozvarirwa mudanga, nomuminda.

⁵⁰ Ndicho chikonzero Akatungamirirwa kuKarivhari. Haugoni kuita kuti gwai rifambe munzira inoenda kunourayiwa. Maizviziva here? Munzvimbo dzavanourayira, vane mbudzi

inotungamirira makwai. Uye painosvika panzvimbo inourairwa, inobva yasvetukira kunze yoregedza makwai achienderera mberi. Gwai rinofanira kutungamirirwa, harigoni kuzvitungamirira. Saka, naizvozvo, aifanira kuve ari mufudzi aiuyira . . . makwai ake. Pavakazowana Mwari aive mucheche chaipo apo nhume yakati Aizove, zvino pavakawana Mharidzo iyi yenhume muchidziro, chaipo pakanzi neMutumwa Aizova.

⁵¹ Zvino, ndakanzwa vanhu vachiti, “Ngirozi yakataura neni, Yakati, *‘zvakati nezvakati.’*” Hazvina maturo dzimwe nguva; uye ndakanzwa vanhu vachiti Ngirozi yakataura navo, uye akavaudza *“zvakati nezvakati”* zvainyatsopesana neShoko zvachose. Zvino, Ko Ngirozi ingazviita sei izvozvo? Hazvitombogoni kudaro. Uye kana Mwari vakakuudza kuti *chimwe* chinhu chaizoitika (iwe *woti* Vakakuudza izvozvo), zvino chorega kuitika, ipapo vakanga vasiri Mwari vaitaura newe. Ingorangarira, ndizvozvo. Mwari havanyepi. Havawanikwi munhema.

⁵² Pavakawana Muheche, mufaro wakadini wakavepo kwavari. Nokuti Ngirozi yakavapa shoko, vakazviona zviri chaizvo zvakarehwa neNgirozi kuti zvaizova, uye panzvimbo chairo iyo Ngirozi yakati zvaizova. Chinofanira kuva chaiva chiri chinhu chikuru kwavari!

⁵³ Muchidziro, sei? Munooni kuti vafudzi ava vakanga vakadekara sei mudanga? Unofunga kuti mudzidzi webhaibheri angadai akaita sei imomo? Angadai akaisa chinovhara mhuno yake, uye oti, “Ndibuditse munzvimbo ino.” Maona? Aizove asinganzwe kugamuchirika, aingadai ainge asiri kufara.

⁵⁴ Asi, munooni, kumufudzi *“aive akanyatsosununguka”* zvake. Mwari vanoziva kwekutumira Mharidzo yaVo. Maona? Chaizvoizvo. Muchimiro ichi chaive chiine vafudzi zvino, mudanga ravo pamwe neGwayana ravo, Mharidzo yakasimbiswa yavakanga vanzwa. Zvakanaka sei! Muhupo hwaMesiya, Shoko rakasimbiswa reMharidzo yavo. Vafudzi pavakanzwa kuti Mesiya akanga ari panyika uye vakauya muHupo hwaKe, munharaunda yavo chairo, ndokuona kuti Mharidzo ndeyechokwadi, yakasimbiswa ipapo, zvinofanira kunge zvakaite kuti varume ivavo vanzwe sei kuwana kuti Mwari vakanga vavaitira chinhu chikuru ichi!

⁵⁵ Handiti, vadzidzi vangadai vasina kusununguka ipapo, mumamiriro ezvinhu akadaro, vangadai vakabvapo nokukurumidza chaiko. Sei? Mutumwa achiuya kuvafudziwo zvavo. Pamwe vangadai vasina kana . . . ava . . . Vamwe vevafudzi ava vaisatombokwanisa kana kusaina mazita avo ivo, ndinopokana zvokuru. Munoziva vafudzi vakasarudzwa naJesu paAiva pano panyika, kuti vafudze makwai aKe, “UnoNdida here, Petro, kupfuura ava?”

⁵⁶ “Hongu, Ishe, Munoziva kuti ndinoKudai.”

57 “Ipa makwai aNgu chikafu.” Uye Bhaibheri rakataura kuti Petro akanga ari murume asina zivo uye asina kudzidza. Vachiri kusarudza vafudzi.

58 Nhengo dzechechi dzemazuva iwayo akapfuura, nevaprisita, uye nenzanga yakanyatsodzidziswa muzuva iroro vangadai vakanzwa kusafaranuka vari mudanga. Zvino, handina chokwadi chizere chekuti vazhinji venyu munganzwisisa (pamwe, imi vanhu vemuguta) kuti danga remuJudhea rainhuhwa sei, kuti raitaridzika sei, apo mhuka dziri mudanga iroro, uye nezvaraizenge riri. Handiti, vamwe vepamusoro-soro ava vezuva rino vaizove vasinganzwe kusununguka ipapo, ivo—ivo havaitombopinda pamukova. Asi zvakafadza Mwari, nehuchenjeri hwaVo husingagumi, kuZarura kune avo vaizoIgamuchira. Vadzidzi, uye varume vakachenjera vezuva iroro zvirokwazvo vangadai vasina kuIgamuchira. Vaizonyadziswa kwazvo kubatwa vari munzvimbo yakadaro.

59 Handiti, pekutanga pachu, kana dai vakadzokera kucheche kwavo, uye vakapupura kuti vakaenda kumusangano wakadaro, uye vakatenda boka revafudzi vasina kudzidza vachiunza chishamiso chakadaro, vangadai vakadzingwa kubva mucheche mavo. Vangadai vakadzingwa kubva munzanga yeBheterehema, dai vakabatwa vachiteerera kuboka revanhu vasina kudzidza sezvaive vafudzi ava. Kunyadziswa, zvirokwazvo vangadai vakadaro. Dai vainge vawadzana nevanhuwo zvavo vakadaro, uye kuva...vachigamuchira dzidziso dzakatsauka dzakadaro dzokutenda kuti Mwari vaizounza Mharidzo yaVo kuboka revafudzi vasina kudzidza, apo vakanga vaine zvole zvakagadzirira. Vangadai vakarasikirwa nekubatirana kwavo, vaitozovadzorera mapepa avo, uye vangadai vasina kukwanisa kunge vakacherechedzwa pakati penzanga yemapoka avo ezuva iroro; nokuti vakanga vadyidzana nechinhu chakadaro, uye kwete nepfungwa iri nani.

60 “Ungatoshinga zvakadaro!” muprisita angadai akadaro. “Unopinda munzvimbo yangu tsvene pano nedzidziso yakatsauka yakadaro, nehupenzi hwakadaro, hwekuti mumwe munhu wemusango asina kudzidza kunze uko asinga... asina kuenda...kuburikidza nebhuku rekutanga redzidzo. Uye aizotenda shoko rakadaro, kuti, ‘Ngirozi yakaburuka ikataura navo?’”

61 Asi ko dai munhu wacho akati, “Ndakaona Mharidzo yake ichisimbiswa?”

62 Aiti, “Rega ndikurumidze kukupa mapepa ako. Uye wobuda munzanga iyi!” Nguva dzinoshanduka, asi vanhu havashanduke. Zvinogona kudai zvakaitika zvakare nhasi uno, vaizodzingwa kubva mumacheche avo.

63 Asi vafudzi vakanzwa kusununguka zvachose munzvimbo iyoyo neGwayana raMwari. Uye chero mufudzi upi akanaka

anoita zvimwe chetezvo. Kana mufudzi akanaka ari pamusoro pemakwai achigona kuona Shoko raMwari richijekeswa uye richisimbiswa, pane zvaVakavimbisa kuita, mufudzi iyeye ari munzvimbo yake chaiyo. Handina basa kuti mumwe munhu anoti chii, pana “Mwari vakaZvivimbisa, uye Mwari vakaZviita.”

⁶⁴ Vanoti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro chinonzi Rubhabhatidzo rweMweya. Hakuna chinhu chakadaro seRubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, rwaive rwevaapostora.”

⁶⁵ Asi regai mufudzi wechokwadi weShoko aRwuparidze, musimba rerumuko, kuti Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi! Petro akati pazuva rePentekosti, “Chipikirwa ndechenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu.” Chero kupi kwaVanodaidza, vimbiso neropafadzo rimwe chetero ndezvechokwadi. Uye regai mufudzi wechokwadi anopa chikafu cheShoko aone zvichisimbiswa, vadzidzi vose vebhaibheri vari munyika havagoni kuRibvisa kwaari; nokuti anoziva kuti Mwari vakataura kudaro, uye zvinoitika. Ndizvo zvoga. Ringori Shoko raMwari nguva dzose. Shoko raVo rakaitwa nyama uye rakanga richigara pakati pavo, uye havana kuRiziva.

⁶⁶ Vakavimbisa chinhu chimwe chetecho muzuva rino. Handizivi kuti tingazoRicherechedza here? Vanozvikudza nevakachenjera vakanga vasati vambogamuchira chinhu chakadaro. Uye vakatenda kana paiva nechinhu chakadaro saMesiya panyika, zvamazvirokwazvo Aitofanira kuuya kusangano ravo. Ringava boka ravo raizoZvigamuchira, kana kuti “Zvakanga zvisina kunaka.” Zvino, chimbofunga zvakasimba chaizvo. Kana zvisiri muboka ravo, saka... Macherechedza here, zvino? Mwari havana kumbobvira vasarudza mumwe kubva muboka ravo, asi Vakasarudza uyo akanga asina kubatana nechero rawo. Nekuti rimwe boka raizoti, “Munoono zvatakaita?” Uye vaizoita zvimwe chetezvo nhasi. Asi Mwari vanosarudza vasina basa, ndicho chikonzero Vakasarudza mufudzi. Vafudzi vakanga vakanyatsosununguka zvizere naMwari aive gwayana raive pakati pavo, Shoko raVo raitwa nyama pakati pavo. Vanozvikudza nevakachenjera havana kumboRigamuchira, rakapfuura nepavari.

⁶⁷ Uye tinogona kutaura zvakananda kudaro nezvanhasi uno, kana mune chero zera. Zvaiva zvimwe chete mumazuva aMartin Luther. Zvimwe chete mumazuva aJohn Wesley. Zvaiva zvimwe chete mumazuva ePentekosti. Asi Mwari havamirire sangano romunhu upi zvake! Vanofambisa Mweya waVo mberi kuti usimbise Shoko raVo! Zvaifanira kuva uye zviru muchiyero chekanzuru yavo kana kuti vaisazoRigamuchira. Sezvo vakaoma musoro kwazvo nhasi, machechi ese, kuti vari “kuzoita *zvakati nezvakati*, uye vobatanidza machechi ose pamwe chete.” Kana

vari kutsvaga mutumwa zvino, anogona kubatanidza ose maProtestanti, maKatorike nemaOrthodox, vose pamwe chete, voita chechi imwe huru.

⁶⁸ Zvino, hama, ndakava nemukana wokuparidzira kumazana ezvitendero zvakasiyana-siyana, uye mune varume vakanaka mazviri zvose. Asi zvino, rangarirai, kuti ndiri kuporofita, “Sangano rega-rega rinofanirwa kutambira izvi, kana kuti harizova sangano. Zviri kukumanikidzai.” Maverenga here bepa reTucson nhasi apo vaprisita veKatorike vakabatsira kugadza, mubepa... vakabatsira kugadza, muMissouri, mufundisi weProtestanti? Uye ndiani akanga achizvicherechedza? Presbyteriani, maBaptisti, Lutherani, neAssemblies of God. Zviri mubepa rekuTucson nhasi.

⁶⁹ Oo, zvinovhundutsa! Haasi munhu ari imomo, ndeavo vafundisi vatungamiriri vemachechi, vanomonyorora chinhu chacho imomo, hurongwa hunokukandira mazviri iwe uchida kana kusada. Haugone kuramba uri sangano uye wopunyuka kutsamwa uku kuri kuuya pamusoro penyika, uye imi muone kana izvozvo zvisiri izvo. Ndinogona kunge ndisisipo pazvinoitika, tarisai zvakare pane imwe yematapi aya. Uye kana zvanga zvisiri izvo, ndiri chapupu chenhema. Kana zvakadaro, ndakataura Chokwadi.

⁷⁰ Vangadai vakaZvidana kuti “imwe mhando yekushanda kwemweya wakaipa” zvichipesana nemafungiro avo akanaka. Munonzwa zvakanaka nhasi pamusoro pemufungo wakanaka: unongoisa pfungwa dzako pane chero chinhu, uye wofunga zvakanaka pachiri. Dhiyabhore anogona kuzviita! Pane chinhu chimwe chete chinotonga pamusoro pezvose, zvino ndiro Shoko raMwari. Kana uri kufunga zvinopesana neShoko, kanganwa kufunga kwako. Funga nezveShoko.

⁷¹ “Mesiya,” vakafunga kuti, “haaizowanikwa munzvimbo yakadaro, tsvina yakadaro.”

⁷² Ungafungidzira here muprisita mukuru akanaka, mukuru, kana mufundisi, akakwenenzverwa mudzidzo yebhaibheri, aizouya here zasi mudanga rizere nendove? Uye ogamuchira Mharidzo yemufudzi anonzwisa urombo, akaninipa akanga asina kudzidza, uye aiuya achiti “Munoona, ndinogona kuIratidza kwamuri, uyu ndiye Mucheche wacho, uyu ndiye Nhume”?

⁷³ Uye munoziva here kuti vanhu ivavo vaizoti kudii? “Murume akatendeseka, akaperera zvikuru pane zvaAri kutaura, asi akanyatsorasika!”

⁷⁴ Ndakaona vanhu vachirarama hupenyu hwakanaka kwazvo kusvika vanhu vaisatenda, vaisagona kutaura chinhu pamusoro pavo, asi vanoti “Akaperera mukusaziva kwake. Haatongozivi zvaari kutaura nezvazvo. Mwari, haVangamboita chinhu chakadaro.”

⁷⁵ Asi apa vaive nehumbowo! Uye mushure mehumbowo, “Endai kumusoro uko kudanga muone kana Mwana iyeye asina kurara imomo.”

⁷⁶ Vaizoti, “Wakaroyiwa nemumwe mweya wetsvina, wakukonzera kuti utaire kudaro.” Asi zvisinei zvaiva maererano neShoko raMwari! Uye vakanga vakapofomara zvikuru kuti vaZvione, nokuti dzidzo yavo yebhaibheri yakanga yavapofomadza. Injodzi huru!

⁷⁷ “Kubatwa munzvimbo yakadaro? Munyonganyonga seyakadai? Mudanga?” Apo vaiva nenzvimbo yakanaka yekuti Auye, vakange vaMugadzirira zvinhu zvose kuti auye, uyezve kufunga kuti Aizodzika (uye oenda) uye vorega kuunzira vadzidzisi vavo Mharidzo. “Uye VoIpa kuboka revafudzi vasina kudzidza? Zvino vobva vaunza Mwanakomana waVo ivo, uye voita kuti Azvarirwe muda—danga? Danga zvaro ramazuva ese? Zvinoka, mu—muchidziro chehuswa? Handiti, hazvaigona kudaro!” Havaigona kultenda, nokuti Yakanga zvakaninipa kwazvo.

⁷⁸ Uye Iri nyore kwazvo, ndiko kuIpotsa kunogaroita vakachenjera. Iri nyore kwazvo, Inovavhiringidza. Vakatsvaga Mwari kunze kure uko, iYe ari pano chaipo. Maona? Vari kutsvaga chimwe chinhu mberi uko, icho chiri pano chaipo navo zvino: Kristu, akamuka kubva kuvakafa, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

⁷⁹ Zvinhu zvavo zvose zvikuru zvakadarikwa. Asi zvechokwadi chaiva Chokwadi, kuti “kwaiva naMesiya.” Tinozviziva nhasi. Tinozvita nhasi. Tinozvigamuchira nhasi.

⁸⁰ Asizve kana Mwari vakavimbisa chimwe chinhu cheKisimusi ino, vakavimbisa chimwe chinhu chezuva rino, uye voratidza kuti ndiCho, uye toramba tichifamba kubva kwaChiri, tingori muboka rimwe chete ravaive vari (kareko pazuva iroro) vakaChichirika; nokuti haChi—hachiuye chiri maringe nesangano redu. Ndosaka tiri munyonganyonga yakadai Kisimusi ino.

⁸¹ Jesu Kristu haana kufa, Mupenyu. Ari pano nhasi! Bhaibheri rakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Akati, muna Mutsvene Johane 14:12, “Uyo anotenda kwaNdiri...” (kwete uyo anotenda zvekabanga, uyo *anotaura* kuti anotenda) “Uyo anotenda kwaNdiri, mabasa aNdinoita iye achaitawo. Uye achaita anopfuura aya, nokuti Ndinoenda kuna Baba.” Uye ndakaMuona, muhupenyu hwangu pachangu, achiita mabasa mamwe chetewo akadarika kuwanda (aAkaita kareko) kupfuura akanyorwa mumapeji eBhaibheri rino. Uye zvinoenda nepamusoro pemukuru nevakachenjera nhasi, uye zvozarurirwa kuvacheche vachadzidza; sokunyengerera kwakaita Jesu. Ichokwadi, Akaita anopfuura ayo iYe...Ndakaona muzuva rangu, mumakore angu 33 ekushumira, ndakaMuona achiita

zvinopfuura pane zvandakaMuverenga achiita muBhaibheri; zvakatowanda zvechinhu chimwe chete.

⁸² Asi zvisinei nezvaAkaita panguva iyoyo, munofunga kuti Sanihedhirini yakaMutenda here? “Asika,” vakati, “wakaroyiwa.” Asi, onaike, pavakaita mhosho yavo kwaiva kutsvaga kuti . . . mukutsvaga, kwete zvakataurwa nechitendwa chavo, asi zvakataurwa neShoko kuti Mesiya aizoita muzuva ravo. Zvino ndipo patinokanganisa nhasi, kusanzvera Magwaro. Jesu akavaudza, “Nzverai Magwaro, maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye ndiWo aCho anopupura nezvaNgu. Anokuudzai kuti ndiNi Ani.”

⁸³ Cherechedzai, Mwari vakafanoziva kuti vaizoita izvi, ndicho chikonzero kuti *sei* VakatozoIendesa kuvafudzi. Vaiziva kuti havaizozviita, vaisaIgamuchira. Zvino munoono here kuti sei vaifanira kuva vari vafudzi? Sei vafudzi? Vadzidzi vebhaibheri vaisaIgamuchira. Sei vafudzi zvakare? Ingauya ichipesana neShoko raVo here? Kwete! Vaive vafudzi, vaiziva makwai; uye ndizvo zvaAkaberekwa ari, gwai, gwayana. Cherechedzai, Akanga ari Gwayana. Vakanga vari—vakanga vari mhando yoga yaizoMugamuchira. Mufudzi ndicho chinhu choga chaigamuchira Gwayana. Vaiziva kuRichengeta, uye ndizvo zvazviriwo nhasi patinowana Mharidzo yeGwayana.

⁸⁴ Zvino zvinoshamisa! Varume vakanyanyisa kuninipa, vasina kudzidza vachinamata Emanueri mudanga. Akanyanyisa . . . Zvino kwaiva nevanhu kunze ikoko, mazuva mamwe chetewo, vaidzidzisa dzidzo yavo yebhaibheri. Mhomho huru, yaiuya kwese-kwese, ichibva kumativi ose enyika, vakauya kuzobayira izvo zvakataurwa naJehovha kuti zvaiva “zvinonhuwa mumhino dzaVo.” Zvino hevanoi vafudzi vakaninipa, vari mudanga, vachinamata Emanueri; Mwari pachaVo vaitwa nyama, uye vakarara mudanga. Munoono, kuti isu nekudzidza kweedu kukuru, uye misoro yedu yakarebenuka sekunge tine chimwe chinhu chatinoziva, uye Mwari vanonzvenga chinhu chacho chose. Maona? Vanoita zvaVanovimbisa kuita, uye Vanozviiita nguva dzose. Asi fungai nezvevafudzi ava vakaderera kunze uko zvino vachinamata Emanu- . . . Emanueri ari mudanga. Zvinonyanyisa kushamisa. Chokwadi zvinodaro!

⁸⁵ Ndokubuda . . . Mushure mokunge vaMunamata, uye vakacherechedza kuti Mharidzo yavakanga vachiparidza yakanga yasimbiswa, havoka avo . . . vakabuda kunze vachirumbidza Mwari vaine Mharidzo inoshamisa zvakanyanya yeNgirozi. Zvino enzanisai izvozvo nanhasi. Imbomirai zvisoma mufunge. Munhu kunze uko achinamata Mwari, uye achiVarumbidza nokuda kwezvavakanga vaona, zvakanzwa, zvavaiziva kuti chaiva Chokwadi, neMharidzo yaishamisa kupfungwa dzenjere. Yaipesana nemufungo wese wevafundisi, asi zvakadaro yaive Chokwadi! Ichokwadi! VakaItenda. Uye zvino, huchenjeri hwomunhu hunova hupenyu kwazvo! Vobva

vataura kuti kwaya yeNgirozi yakavaimbira rwiyo rwekisimusi rwekutanga. Ungazvifungidzirawo here izvozvo? Kuti mufudzi aisagona kunyora zita rake, achinhuhwa sedanga remakwai, achifamba achidzika nenzira, achidanidzira kuti, “Mwari ngavarumbidzwe kuMusoro-soro! Tinoziva kuti Vari panyika!”

⁸⁶ Muprisita akati, “Murume uyo ave kupenga. Tarisai pamabhuku uye muone kana ari nhengo yeungano yedu. Zvechokwadi anotinyadzisa nedzidziso dzake dzisina kunaka. Mubvisei patiri. Hatisi kuzonyadziswa pakati pevanhu.”

⁸⁷ Zvinoka, unogona kunyadziswa pakati pevanhu uye wokudzwa pamberi paMwari; kana kuti tora sarudzo yako, nokuti, rangarirai, zvinogamuchirika kuvafundisi vezuva rino hazvienderane neShoko raMwari. Hakuna manzwiwo 969 akasiyana aRo. Manzwiwo mamwe, Shoko rimwe, Mwari mumwe. Ndizvo zvoga.

⁸⁸ Vachitaura kuti Ngirozi dzakavaimbira rwiyo rwekisimusi rwekutanga, uye zvakare vachiti ivo “vakawana Mharidzo kubva kuNgirozi.” Ngirozi yakazviratidza kwavari, ikavapa Mharidzo, uye vakaenda vakandoona kuti Mharidzo iyoyo yakanga iri Chokwadi. Uye vachiti, “Kunze kwaizvozvo, Ngirozi yacho yakatiimbira rwiyo rwekisimusi rwekutanga.”

⁸⁹ “Ungafungidzira here?” Vanoti, “Muchinda iyeye anonzwa urombo.” Havana kumbova nechinhu chakadaro chakamboitika pakati pavo, munoziva, saka yakaita sedzidziso isinganzwisisike kwavari. Uye ndicho chikonzero vakatadza kuIwana muMagwaro, zvakanga zvisiri zvavo kuti vaIwane. Zvinoshamisa kune vakachenjera, hapana chiitiko chakadaro chakanga chamboitika kwavari. Zvaisatendeka, asi zvakadaro Chakanga chiri Chokwadi. IChokwadi, tinoziva kuti IChokwadi. Fungai! Vakatendeukira kuna Kristu vokutanga uye neungano yokutanga vakanga vari vafudzi vamakwai, kwete vafundisi; vafudzi vemakwai, vafudzi. Sei vafudzi?

⁹⁰ Cherechedzai! Vakabuda vachirumbidza nokupa Mwari rumbidzo pamusoro pezvavakanga vaona nezvavakanzwa, vakanzwa Ngirozi dzichiimba kekutanga kavo kumunhu. Ngirozi dzakanga dzisati dzamboimbira munhu kumashure. Uye tarisai makwaya acho, kuti akanga amira sei uye achidzidzisa nekudzidzisa manzwi iwayo, “vachazoimba panozvarwa Mesiya,” zvino vose vakanyenyeredzwa! Uye Ngirozi dzakadzika pasi dzikaimbira vafudziwo zvavo vemakwai, vasina kupfeka hanzu dzehufundisi, asi vakapfeka nguwo dzevafudzi. Uye tarisai kuti ndiani akawana Mharidzo yekutanga, zvinoshamisa.

⁹¹ Uye kwayakapiirwa, kwete mumacathedral, asi murenje, kunze murenje uko Mutumwa waJehovha akauya. Kwete muchechi, murenje. Aisatombogamuchirwa muchechi. Vaifunga kuti Aizodaro, uye vakafunga kuti vaiva naYo, asi Mwari

vakaratidza kuti zvakanga zvisiri izvo. “Vanokwanisa kubva pamatombo aya kumutsa vana kuna Abrahamu.” Ndizvozvo.

⁹² Kekutanga Ngirozi padzakaimba pamhemberero, kwaive Kudenga. Kana mukatarisa muna Jobho 38:7, (sekuona kwandiri kuita vamwe venyu muchinyora manotsi), Mwari pavakatanga kuronga kuita chisikwa chaVo chokutanga, nyika. Jobho akanga ari murume mukuru, uye akachenjera, uye akanga ane mhando dzose dzehuchenjeri. Akati, “Kana ndichienda kumisika, machinda maduku, vose vanondikotamira, uye vanongoda chinguvana chehuchenjeri hwangu.” Uye aisagona kuziva kuti sei aibatwa nenzira yaakaitwa nayo.

⁹³ Uye saka Mwari vakamubvunza, vakati, “Zvisunge chiuno somurume, nokuti Ndiri kuburuka kuzotaura newe.” Zvino Mwari paVakaburuka vari muchamupupuri, Vakati, “Jobho, wakanga uripi Ndisati ndateya nheyo dzenyika? Apo nyeredzi dzamambakwedza dzaimba pamwe chete, uye vanakomana vaMwari vachidanidzira nomufaro, wakanga uripiko ipapo, Jobho?” Zvino akabva apererwa panguva iyoyo. “Waivepi?”

⁹⁴ Munoono, kekutanga Ngirozi dzakaimba pamhemberero, kwaive Kudenga. Asi kekutanga padzakaimba panyika, kwaiva kuvafudzi pakuzvarwa kwaMwari, Emanueri panyika; vanhu vakatanga kunzwa Ngirozi ichiimba, vaiva vafudzi vakaninipa.

⁹⁵ Patinotora madzimai edu akapendwa zviso, vhudzi rakagerwa, vakapfeka zvikabudura, uye tovaisa imwe mhando yenguwo yechechi, uye tovasimudza voimba sechimwe chinhu, uye tobva tafunga kuti Mwari vanofanira kuteerera kune zvakadaro? Vane Ngirozi mhiriko dzinokwanisa kuVavaraidza kubvira . . . Vasati vambogadzira munhu. Uh-huh. Wobuda uye uchirarama . . . uye wopfeka hanzu dzinonyangadza Mwari, uye ungarisira sei kuti izvozvo zvive zvaMwari? Unoti, “Zvinoka, ndiri we . . .”

⁹⁶ “Wakange uripi paNdakaisa nheyo dzenyika? Ndiudze paNdakadzisungirira. Iripi ekisero padzinotenderera dziri? Waivepi ipapo?” Unofunga kuti Mwari vanofanira kutikumbira humwe huchenjeri hwedu. Huchenjeri hwedu hupenzi chete kwaVari. Vanoita zvaVanoti Vachaita.

⁹⁷ Zvino cherechedzai, Mwari vari kugadzirira kugadzira chimwe chisikwa. Ivo vachisika nyika inofa, hupenyu hunofa. Ngirozi dzinoimba Kudenga. Asi pano Vari kusika Hupenyu hutsva, Hupenyu Husingaperi hwemunhu, uye Vari kuimbira vanhu vaVo kubudikidza neNgirozi; panyika, kwete Kudenga. Kudenga kwaive neHupenyu Husingaperi. Maona? Uye Vakaimba . . . vakaimbira Matenga, apo pakapinda chisikwa chinofa; uye hechino chisikwa chisingafi chiri kuuya, uye zvino vari kuimbira vanhu vepanyika. Kekutanga, kuvafudzi. Zvinoshamisa, handizvo here?

⁹⁸ Vakanga vatanga chisikwa chitsva. Chaiva chii? Kusikwa kwavo pachaVo. Mwari vakaitwa nyama uye vakagara pakati pedu. Ndizvo... Bhaibheri rakati, “Pakutanga kwekusikwa zvaMwari.” Mwari vakasikwa vari muchimiro chemunhu; muna Jesu Kristu, Mwanakomana waVo, Mwari vakagara. Vakavaka tabhenakeri yaVo yenyama namafupa, ndokugara mutabhenakeri iyoyo; Mwari, *Emanueri*, “Mwari vanesu.” VakaZvivakira imba, yokugara mairi, kuti Vazoratidza Shoko raVo kuvanhu vaVo kubudikidza nayo. Munoziva kuti Mwari chii, kana maona Kristu.

⁹⁹ Rangarirai, kunogara kuine kuimbwa panozvarwa mambo. Vangani vanozviziva izvozvo? Chokwadi, manga muchiziva. Zvakanaka, zvino, munofunga kuti kana dai Mambo uyu aive akazvarirwa zasi ikoko, mumwe mudzimai angadai akauya achimhanyira mucathedral pane imwe nzvimbo, uye agoti, “Gadzirirai mubhedha nekukasika chaiko, uye torai vanachiremba, nokuti ndiri kuzounza Emanueri panyika?” Mumwe mudzimai anonzwisa urombo aibva kuNazareta, guta rakaderesa, iro... rakaderera kupfuura Tucson kana mamwe ose zvawo, uye zvakadaro mudzimai mudiki uyu anouya achimhanyirako kumuprisita mukuru uye ogoti, “Ndi—ndiri kugadzirira kuzvara Emanueri.” Vaimukandira mujeri. Chokwadi vaizodaro. Zvirokwazvo vaizodaro. Zvenhema dzakatsauka zvakadaro dzichiunzwa pakati pevanhu vake, angadai asina kuzvitambira izvozvo. Kunyangwe nanhasi haazodaro. Asi zvimwe chetezvo zviri kuitika, zvimwe chetezvo.

¹⁰⁰ Cherechedzai, panofanira kuva nekuimbwa. Madzimambo aiva... Angadai asina kuimbirwa. Vanhu vangadai vasina kuMuimbira, nekuti havana kuMutenda. Uye ndicho chikonzero... HeZvinoi zvichiuya, unogona kuZvibata. Ndicho chikonzero nhasi vanhu vachinyara kurumbidza Mwari, vanonyara naKristu! Macathedral makuru haagamuchire Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, vakanyatsodzika midzi munzira yavo yevafundisi zvekuti havaUgamuchire. Mwari vachawana mumwe munhu waVanogona kuti varumbidzwe nemaari. “Vanokwanisa kubva pamatombo aya kumutsira Abrahamu vana,” ndichidzokorora Johane zvakare.

¹⁰¹ Cherechedzai, vanhu vaVo vanofanira kuVaimbira. Uye vanhu vaVo panguva iyoyo dzaive Ngirozi dzaVo, zvino dzakaimbira vafudzi vaVo vaizotora Mharidzo yaVo.

¹⁰² Ndiani anofanira kuInzwa kutanga? Ehe chokwadi, vanhu vaVo. Ndivo vaizonzwa kuimbirwa kwaMambo kutanga, vainge vari vanhu vaVo. Uye vanhu vaVo vaiva vapi? Zvinoita sekushamisa, handizvo here, hama? Vakanga vasiri vafundisi vaVo. Vakanga vasiri vadzidzisi vebhaibheri. Ndizvozvo. Vakanga vasiri vanhu vemasangano. Kwete, vaiva vafudzi. Sei? Paiva negwai rakazvarwa, ndicho chikonzero chacho. Maona? Vanhu vaVo vakaInzwa, avo Mwari vakaziva kuti vaizotenda.

Mwari vakatumira Mharidzo yaVo kune avo vaizoItenda. Ndivo huchenjeri hwise; Vanoziva kwekutumira Mharidzo yaVo, vachazoItenda. Denga reKumusoro-soro rakatumirwa kune akaderereso pavanhu vose panyika.

¹⁰³ Jesu akati, muna Mateo 5, “Vakaropafadzwa varombo pamweya, nekuti Humambo hweKudenga ndehwavo.” Maria, muna . . . Kana muri kunyora Magwaro iwayo pasi, ndiMateo 5. Uye kana muri kunyora Magwaro pasi . . . Ndizvo zvandanyora pano, Magwaro.

¹⁰⁴ Maria akati, muna Ruka 1:52, paakazodzwa neMweya, Mweya Mutsvene uri paari, akati, “Akavakwidziridza avo vepasi-pasi.” Maria akati, mai vaJesu, akati, “Akakwidziridza avo vepasi-pasi.”

¹⁰⁵ Ruka akatiwo zvakare, “Vanhuwo zvavo vakaMunzwa nomufaro.” Kwete va—vepamusoro-soro, va—vadzidzi vebhaibheri, vanachiremba vomurayiro uye nedzidzo yechitendero; asi vanhuwo zvavo vakaMunzwa nomufaro, vanhu vepasi-pasi.

¹⁰⁶ Nemose muMagwaro anoyera, Mharidzo yerudzikinuro yakapihwa nevafudzi uye nemumakwai.

¹⁰⁷ Zvino ndinofanira kuti ndisvike pakuvhara, nekuti tiri kusvika panguva yekuvhara. Ndiri kuchirika Magwaro mazhinji kungoita kuti ndingokusvitsai pane pfungwa iyi.

¹⁰⁸ MuMagwaro ose, rudzikinuro rwakamirirwa kuburikidza nevafudzi nemakwai. Ndizvozvo. Tose tinobvumirana nazvo. Sei? Zvaiva mumumvuri nemufananidzo. Uye chero chinhu . . . Dai ndisina kumboona ruoko rwangu, uye ndotarisa zasi kuno pamumvuri weruoko rwangu, ndoona kuti ndaiva neminwe 5, ndaizoziva kuti rwairatidza; mumvuri uchiratidza chemazvirokwazvo. Uye ndosaka Mharidzo yaigara ichiuya kune . . . rudzikinuro kubudikidza nemakwai, nokuti kubva pamavambo chaipo . . . Uye kwaive kubudikidza nemakwai, uye nevafudzi, kuti AkaZvizarura. Zvese zvaive mimvuri nemifananidzo.

¹⁰⁹ Zvino ngatitarisei pakutanga. Adhamu naEvha, vakamira ipapo muHupo hwaMwari kuti vanzwe Mharidzo yaVo kwavari, vakanga vafuka matehwe amakwai muchiuno mavo. Mharidzo yekutanga yakambonzwika, yakapihwa pamusoro pedehwe regwai rakafa, iro Mwari vakanga vauraya ndokuputira Adhama naEvha mariri. Mushure mekunge vaedza kuita chitendero chavo ivo chemashizha emuonde, hazvina kushanda. Chibayiro chemakwai chakanga chatangwa kuitira yananiso kubvira pamavambo chaipo, chibayiro chemakwai.

¹¹⁰ Zvino, tava kuzovhara izvi zvino, ndokuratidzai kuti sei vaifanira kuve vari vafudzi; uye kuti sei zvakafanira kudaro, Aifanira kuve ari gwai.

111 Zvino, vaporofita veTestamende Yekare vaizviputira mumatehwe emakwai (tinozviziva izvozvo, uh-huh), zvichiratidza kutenda kwavo muShoko raVo reGwayana rakakwana raiuya. Ndiko kusaka vaporofita.

112 Zvino, Shoko raMwari hariuye kumudzidzi webhaibheri, hapana... iye—ndiye wacho anoRikanganisa. Ndizvozvo. Hakuna chinhu chakadaro sekutombotaura... Iwe uchiti, “Zvino, muchinda uyu mudzidzi webhaibheri.” Zvinongomuisa kure neShoko kupfuura chero chinhu chandinoziva. Maona? Shoko raIshe Mwari, Mwari vasingashanduki, harimboshanduki. Chero kupi zvako muBhaibheri, Shoko raMwari raigara richiuya kuvaporofita. Kwete kuvadzidzi webhaibheri kana vachiremba, kuvaporofita! Uye nguva dzose, nguva dzose, vaisadiwa uye vachirambwa.

113 Vaporofita vaiwanzova vafudzi vezvipfuwo zvakare. Vaporofita vaizvimonera nematehwe emakwai, nekuti vaipfeka matehwe emakwai avafudza. Uye mharidzo yekutanga, kune chizvarwa cha—cha—chakatukwa, yakanga iri pamusoro pematehwe amakwai. Vaporofita, ndinoti zvakare, vaipfeka matehwe amakwai akamoneredzwa pavari, nokuti vaipupura naizvozvo, kuti vaitenda kuti kwaizouya Gwayana rakakwana rechibairo ichocho. Zvino Shoko raJehovha rakauya kwavari pamusoro pematehwe amakwai. Vafudzi ava... kana kuti vaporofita ava kazhinji vaive vafudzi. Abrahamu akanga ari mufudzi. Isaka akanga ari mufudzi. Jakobho akanga ari mufudzi. Mosesi akanga ari mufudzi. Dhavhidhi akanga ari mufudzi. Vamiririri vose vaMwari kazhinji vaive vafudzi.

114 Zvino tichaona kuti sei zvakauya kuvafudzi. Vaiziva kuti makwai haagoni kuzvibetsera pasina mufudzi anoatungamirira. Ivo... gwai harina charinogona kuita zvachose, harigoni kufamba roga. Ndicho chikonzero Mwari vaifananidza vana vaVo vanotenda nemakwai. Vanofanira kutungamirirwa. Asi tarisa chiri kukutungamirira! Usatora mbudzi, ichakufambisa kuenda kunzvimbo yokuurayirwa. Mwari havana kumbotipa mbudzi, Vakatipa Mwanakomana waVo (Mweya Mutsvene) kuti atitungamirire. Ndiye Mutungamiriri wedu, kwete vamwe vafudzi vakagadzirwa navanhu, asi mufudzi akapihwa naMwari anopa makwai chokudya chinenge chiri chikafu chemakwai.

115 Zvino, ukatora nguruve, woti kunguruve iyi, “Ndichakuita gwayana.” Uye woigeza. Uye wopenda nzwara dzayo dzekumakumbo, ne—nezvimwe zvakadaro. Uye woipa chikafu segwai, woipa imwe mhando yechi—chikafu. Uye woiisa pasi pauriri kana kunze mu... uko ma—makwai anofurira, mumunda wealfalfa kana chimwe chinhu. Uye kana kuine gomba rematope pane imwe nzvimbo, nguruve iyoyo inongonanga kugomba iroro rematope nekukwaniswa kwese. Maona? Sei? Imhaka yekuti pahunhu hwayo ichiri nguruve.

116 Uye ndicho chikonzero nhengo dzechechi, nhasi, dzichiita zvinhu zvemunyika, munoona, imhaka yekuti hunhu hwavo hauna kushandurwa. Vanodya chero mhando yematakanana evafundisi, edzidziso yebhaibheri, asi Shoko raMwari havakwanise kuRigamuchira. Vanopinda voteerera Shoko. . .

117 Munoziva, munyengeri mukurusa panyika, igunguwo rakare. MuBhaibheri, makanga muine 2 vakabuditswa muareka. Gunguwo rekare rakabuda uye harina kuzombodzoka, nekuti igora, ndimudya-zvakafa. Rakagara pazvitunha zvakafa ndokuzadza dumbu raro nezvitunha zvakafa. Asi paakabuditsa njiva kunze, njiva haina kukwanisa kumira pane kunhuwa ikoko, saka yakadzokera kumba kwaBaba naNoa, uye ikarovero pamusuwo kusvikira Noa aipinza mukati.

118 Zvino, gunguwo rinogona kugara kunze kuno richidya pabhiza rakafa, zuva rose, uye robhururukira kunze uko kumunda zvakare rodya zviyo nenjiva. Asi njiva haigoni kubhururukira ikoko yonodya pabhiza rakafa, uye zvakare yonodya zviyo; zvingazoiuraya. Munoona, njiva haina nduru, uye haikwanise kuzviganisa mudumbu.

119 Uye kana chero njiva yaMwari, chero njiva ipi zvayo inodya Shoko kana gwai, mhuka yakachena, kana ukatanga kudzipa zvinhu zvenyika, dzinoziva kuti Tenzi wadzo akati, “Uyo anoda nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harwusi kana maari.” Ukamupa chimwe chinhu chinopesana neShoko raMwari, haakwanisi kuchitambira. Asi dhiyabhore anogona kuRitora pamwe nenyika zvakare, ozviti zvose ndezvaMwari. Haugone kusanganisa mafuta nemvura, hazvitongosangani.

120 Ivo, vafudzi vose ava, vaiziva kuti makwai akanga asingagoni kuzvibetsera pasina mufudzi. Uye vakanga vari vafudzi, uye vaiziva kuti raifanira kutungamirirwa.

121 Zvinosiririsa sei kuona, nhasi, kuti vanoedza kupa chikafu kumakwai, matakanana. Asi makwai haazvidye. Kwete, changamire! Munoona, vaiedza kupa chikafu makwai, kumashure uko, matakanana. Zvino Shoko parakauya, akanga ajaira kwazvo matakanana, akanga asingazivi Shoko. Uye ndizvo zvazviri nhasi, kana chinhu chimwe chetecho chakasimbiswa uye nekuratidza kuti Mwari vaizoita chimwe chinhu. Zvino vaive vajaira matakanana, nekudyiswa matakanana, kusvikira iwe. . . zvino, hapana zvekutaura navo, havatongoRiterera, ndizvo zvoga. Imbwa. . . Bhaibheri rakati, “Sembwa inodzokera kumarutsi ayo, nenguruve kumatope ayo, ndizvo zvavanoita.”

122 Vanonzwa Shoko, uye vodzokera kumatope mamwe chetewo! Uye voti, “Aa, kupengereka. Musatenda chinhu chakadaro.”

123 Mwari. . . makwai anoita zvimwe chetezvo nhasi, anofanira kuvimba nechikafu cheShoko. Haazotori chimwewo chikafu.

Haugone kuapa chikafu chevafundisi, hwai chaiyo. Kwete! Kwete! Enda unovaudza, “Zvino tarisai, tese tichava pamwe chete. Zvino, Jesu akanamata kuti isu tose tive ‘vamwe.’” Makangonzwa zvimwe chetezvo kuTucson nguva shoma yapfuura, mazuva mashoma apfuura, asi inhema! Jesu haana kumbonyengetera...Ko iYe sei...Ko ungaite sei kuti Shoko riZvipomere, Rigozvipa mhosva roga? Saka Mwari havana kumbosiyana nechero munhu upi zvake.

¹²⁴ Jesu akati, “Ko 2 vangafamba pamwe chete sei vasina kutenderana?” Ko muchatora sei Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, neKatorike, mozvikanda pamwe chete zvova chimwe? Munogona kunge muri vamwe pasi pehutongi hwemunhu, asi Jesu akati, “Kuti vave vamwe se—sezvakangoita *iNi neMi* tiri mumwe.” Zvino, Anoda kuti isu tose tive vamwe maAri rinova Shoko! Amen! Hezvoka izvo, “Mumwe naBaba.” Uye Baba ndivo Mwanakomana, vamwe chete. Uye iShoko rimwe chete, Shoko richiratidzwa, richiZviisa pachena muzuva rino sezvaRakaita mune chero rimwe zuva zvaro, kuti muve mumwe.

¹²⁵ Cherechedzai, Akati, “Sekutumwa kwaNdakaitwa naBaba, neniwo Ndinokutumai.” Baba vakaMutuma, vakapinda maAri kuzosimbisa Shoko. Zvino Jesu mumwe chete anotuma vanhu vaKe, anoenda ari muvanhu vaAnotuma; uye achiti, “Mabasa aNdinoita, nemi muchaaaitawo.” Chokwadi, Akanamata kuti tive vamwe; vamwe naYe, kwete vamwe nesangano. Kwete vamwe nehurongwa, asi vamwe naMwari. Nokuti Mwari muShoko raVo Mumwe, uye Jesu naMwari vakanga vari Mumwe, uye iwe neni neShoko tinofanira kuva vamwe. Ndizvozvo. Tinofanira kuva vamwe tiri mukuwirirana neShoko. Kwete zvinotaurwa nemumwewo munhu, iyi haisi dudziro yepakavanzika. Ritore, zvaRinotaura, uye uRitende; uye Mwari vachaRisimbisa, uye voratidza kuti ndiRo. Munofunga kuti ndeRevadzidzi chete, tenda Shoko raVo bedzi, enda unoriedza kamwe chete uone. Unozoono kuti rinozokuitira zvimwe chete zvaVakavimbisa. Hongu, changamire!

¹²⁶ Havazodyi matakanana, vanofanirwa kuve nechikafu chemakwai. Mutsvene Johane 10 inotaura kuti, “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.” Uye kana Ari Shoko, zvino imhandoi yeInzwi raAnaro? “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu, vatorwa haangateveri.” Maona? Jesu akati, “Inzwi risinganzwisike haangateveri.” Saka, makwai aKe haateveri inzwi remutorwa. Haazovateveri.

¹²⁷ Vaporofita, vafudzi, nemakwai, vose vanopupura nezvekuuya.

¹²⁸ Zvino onai Mwari vasingashanduki muhurongwa hwaVo husingashanduki hweShoko raVo nhasi. Zvino chimbofungai maminetsi mashoma: Shoko risingashanduki.

129 Zvino tarirai! Dai—dai Mosesi akauya nemharidzo yaNoa, yaisashanda. Dai Johane Mubhabhatidzi akauya nemharidzo yaMosesi yaisashanda. Dai Jesu akauya nemharidzo yaMosesi kana yaNoa, hayaizoshanda. Uye Wesley ouya nemharidzo yaLuther, hayaizoshanda. Dai Pentekosti yakauya nemharidzo yaWesley, yaisashanda; tichangobva kunzwa zvichipupurwa. Zvino, Mwari vanongoramba vachifamba. Ingotaraisai Shoko, munoono patave.

130 Zvino sei chiziviso chekutanga chevafudzi chisingafaniri . . . Dai vaporofita vose ava, varume vakuru vose ava vaiva vafudzi, zvino sei Mwari (iVo vasingashanduki) vozoshandura maitiro aVo ipapo pachu, voIunza kuvadzidzi vebhaibheri? Vaiva vafudzi. Kusvika kweGwayana rakakwana, chipiriso chezvivi, chinofanira kuuya kumufudzi.

131 Mufudzi anoziva makwai ake zviru nani kupfuura chero ani zvake. Hapana anoziva makwai semufudzi, akadzidziswa kwazviru. Zvakare aizivawo mhando yechikafu chaaizodya. Ivo . . . aiziva zvaizodyiwa nemakwai, uye anoziva makwai ake nezvaanodya. Iwo . . . waiona gwai richienda kudanga rematope rotanga kudya matope, waiti, “Bvisai gora iro.” Maona? Saka Mwari vaiziva kwekuvatuma.

132 Zvino ngatishevedzei mumwe wevaporofita vakuru vaJehovha aive mufudzi, kusimbisa kuti Mwari vaive muvaporofita ava pasi pedehwe rehwei. Tarisai zvino. Tichadana, kutanga, Mosesi. Ngatimutarisei. Shumiro yake ichatiratidza Jehovha vari mumuporofita waVo aive mufudzi. Zvino, tichangotora zvichida mumwe chete, kana tiine nguva, kwemaminetsi angangoita 10 anotevera. Tichatora 2 vavo, asi zvichida uyu zvinobva zvaringana.

133 Mosesi; Jehovha vanoZviratidza pano, mufudzi uyu aive muporofita. Akapihwa zvipo 3 kusimbisa shumiro yake nekudanwa kwake kuvakuru veIsraeri, nekuna Farao. Cherechedzai mufudzi uyu aive muporofita, zvino. Vanopa, nguva dzose, vaporofita vaVo, chiratidzo chepamweya, kusimbisa kuti vaive Mwari vari mavari; nokuti hakungavi nehupo hwaMwari pasina zvinhu zvepamweya zvinoitika. Jehovha havana kumbobvira vaonekwa pasina mashura anoVatevera. Zvinofanira kudaro. Saka Vaigara vachiZvisimbisa kuti Vaive nevaporofita ava, nokusimbisa zvavaiporofita pamusoro pazvo, kana zvakanga zviru maererano neShoko raVo.

134 Zvino, chiratidzo chekutanga—chekutanga chaVakapa kuna . . . muporofita aive mufudzi uyu (tarisai), vakashandura tsvimbo yake kuita nyoka.

135 Chechipiri, ruoko rwake rwakashanduka kuva namaperembudzi.

136 Chechitatu, chokutora mvura kubva muRwizi Naeri muEgipita, ndokuishandura kuva ropa.

137 Zvino, Vakamupa zviratidzo 3 zvokusimbisa kuEgipita, uyewo nekuIsraeri, kuti akanga ari Shoko raMwari rakataurwa.

138 Zvino, rangarirai, Mosesi akadana zvisikwa kuti zveipo! Ndizvozvo. Akanhonga jecha ndokurikanda mudenga, ndokuti, “Nhata ngadziuye,” nhata dzikauya. Akati, “Nhunzi ngadziuye,” nhunzi ndokuuya. “Matatya ngaauye,” matatya ndokuuya. Akaunza zvisikwa zvikavapo! Zvino, munhu haakwanise kusika, asi akanga asiri munhu pakutanga kwacho. Vaiva Jehovha vari mumuporofita waVo aive mufudzi! Ameni!

139 Tarirai! Chiratidzo chechitatu chaVakamupa chakanga chisina nechokuita nebasa rake, kanawo zvakare chakanga chisina nechekuita naye pazima; chiratidzo chake chechitatu. Cherechedzai, zviratidzo 2 zvekutanga zvine nechekuita naye, iye pachake nebasa rake. Zvino ndizvo chete zviratidzo 2 zvinotaurwa neBhaibheri kuti “zvaiva neizwi.” Chimwe chiratidzo chakanga chisina inzwi. Asi zviratidzo 2 zvakapihwa kubva paari iye pazima, uye kuvanhu vake, zvaiva nemanzwi. Asi chiratidzo chechitatu, zvino cherechedzai, chakapihwa . . . chiratidzo, chiratidzo chechitatu, chaiva chiratidzo cherufu: mvura ichishanduka kuva ropa. Kana rako—kana rako—kana ropa rako rikashanduka kuva mvura, zvino unobva wafa. Uye apo pane ropa, ropa rakadeurwa, pane chiratidzo cherufu; ndizvo zvazvaivawo kuna Farao. Chechitatu chakanga chiri chokushandura mvura yemuNaeri kuva ropa, kwaiva kuratidza—kuratidza Mharidzo yake kuna Farao kuti Mwari vedu ndiMwari pamusoro peNaeri, pamusoro pamwari weNaeri. NdiMwari pamusoro pevinhu zvole, uye Vachazounza rufu kunyika iyoyo. Uye ndicho chaiva chiratidzo cheropa. Oo, ini zvangu! Chiratidzo chakananga cherufu: ropa!

140 Asi zvimwe 2 zvaiva nemanzwi echiporofita. (Ndi—ndi—ndinovimba muri kuverenga zvino, pakati pemitsara, zvandiri kutaura.) Asi zvimwe zviratidzo 2 zvaive nemanzwi echiporofita kuIsraeri maererano neramangwana ravo. (Zvino kwamuri imi makanga muri mugomo nguva pfupi yapfuura, apo ibwe rakakandwa mudenga.)

141 Zvino, uye kuenda . . . akanga achizoshandura zvisikwa, kuti zvivashandire. Tarisai danda, tarisai nyoka, tarisai Gungwa Dzvuku, nezvole zvaVakaita, zvino. Tarisai tsvimbo yemufudzi iyeye ichivagadzirira nzira yekuti vaende. Tsvimbo iyoyo yakanga iri muruoko rwomufudzi, yakanzvenga chikamu chose chedzidzo yebhaibheri nezvole zvakanga zvataurwa navaprista, uye tsvimbo iyoyo yomufudzi yakanyatsovatungamira zasi nomuchinhu chose chisingagoneki (kumunhu). Farao paakaedza kufunga kuti “mapopoma akavhazhuka kumusoro mumakomo zvino ndokukanda mvura, ndokuishandura kuva ropa,” zvino

Mwari vakanayisa moto kubva kudenga. Zvino Vakanaisa chivhuramahwe kubva kudenga, uye iVo—uye iVo vakanaisa inda panyika, nezvose.

¹⁴² Chii chaVakaita? Netsvimbo iyoyo yemufudzi, kwete bhu—bhuku redzidzo, kwete pfungwa yemudzidzi webhaibheri, asi tsvimbo yemufudzi! Tiri kuuya kwazviri muchinguvana; tsvimbo yomufudzi, Vakazviita. Kwete bhuku remunamato resa—sangano, asi tsvimbo yemufudzi. Tsvimbo yomufudzi ichitungamira makwai ake, ichijekesa nzira pavaienda kuShoko rakavimbiswa munyika. Chinhu chakanaka sei nhasi cheTsvimbo yeMufudzi, nhasi, ichitungamira makwai aVo kuNyika Yechipikirwa; ndokunzvenga dzidzo yose yebhaibheri nezvimwe zvose zvenyika ino, uye nezvinhu zvenyika, nemasangano, zvose hazvo; ndokuzarura nzira, nokuratidza Shoko raVo kuti iChokwadi; Tsvimbo yeMufudzi ichienda mberi.

¹⁴³ Uye cherechedzai, tsvimbo imwe chete yomufudzi yakanga ichitungamira makwai... Munozvitenda here? Zvirokwazvo akatungamirira makwai, akaadzikinura kubva muEgipita netsvimbo iyoyo iri muruoko rwake. Tinogona kutaura zvakawanda nezvazvo. Asi kuti tibate nhongonya, akatungamirira makwai ndokutumira kutongwa nokuda kwekuIramba! Tsvimbo imwe cheteyo yakava ropafadzo kune mumwe, yakava chituko kune vamwe. Mvura dzimwe chete (dzekuparidza kwaNoa) dzakamuponesa, dzakapomera nyika. Tsvimbo imwe chete yakatungamirira Israeri kunyika yechipikirwa, yakapomera avo vakaramba kutevera muporofita aive mufudzi. Ndizvozvo, ikava tsvimbo yekutungwa.

Zvisikwa; cherechedzai kuti Mwari vanotaura sei muzvisikwa zvavo. Dai taingova nenguva. Ndanyora chinyorwa ipapo: Mwari vachitaura muzvisikwa zvaVo. Hatina nguva yekuzviratidza.

¹⁴⁴ Asi vachiratidza pamberi apo, nenyoka yendarira patsvimbo yemakwai yemufudzi (yaakamonera nyoka piri, murenje), izvi zvinotaura nezveyananiso yechokwadi ichiuyira hurwere nechivi.

¹⁴⁵ Tsvimbo iyoyo pachayo yakanga yashanduka kuita nyoka pamberi paFarao, uye Farao mumwe cheteye akaedza kutevedzera kubudikidza nen'anga. Uye ndizvo zvinoitawo vanaFarao vechimanjemanje vanhasi, nevatendi vekabanga, vatevedzeri vepanyama veMharidzo, vanoedza kutevedzera chinhu chimwe chete vasingazive kwachiri kubva; uye voIkandira mune chimwe chinhu chemasangano, Iyo yakasununguka kubva kwariri semhepo isingagone kuiswa mudanga. Chokwadi! Asi kuedza kutevedzera, kuita zvokutevedzera.

146 Asi, cherechedzai, tsvimbo imwe chete iyi yomufudzi yakadya dzimwe nyoka dzose. Ko nyoka idzodzo dzaivepi? Dzakanga dziri tsvimbo pasi, uye pakava netsvimbo imwe chete yakanhongwa. “Zvose matenga nenyika zvichapfuura,” Jesu akadaro, “asi Shoko raNgu haringapfuuri.” Zvinotaura nezveyananiso yechokwadi iri kuuyira kuchivi.

147 Zvakare, Israeri ramangwana rayo rakapa... uye apo pandakataura pamusoro peIsraeri, zvino mune ramangwana... Ipapo vakapihwa rudzikinuro kubva muhuranda hworufu nomuporofita aive mufudzi. Vakaburitswa muhuranda nemuporofita aive mufudzi ane tsvimbo. Maona? Zvaitaura nezveMudzikinuri weIsraeri aizouya, kubva kurufu negehena, neMufudzi aive Muporofita watichataura nezvake.

148 Zvino, kune vose avo... vose sezvatinoziva Israeri, havana kugamuchira Shoko remuporofita aive mufudzi, Israeri yose haina kuRigamuchira. Zvino, cherechedzai, vainyunyuta. “Oo,” paakanga achiita zviratidzo, “aive muchinda mukuru,” asi pazvakasvika paMharidzo yake, “zvakanga zvasiyana.” Zviratidzo zvose zvikuru zvinotevera mharidzo itsva iri kuuya. Tinozviziva. Murenje vakanyunyuta, murenje, uye vakafa vari zviuru. Kutaura chokwadi, pakanga pasina 2 chete vavo vakambopfuurira mhiri vaive vakaponeswa kubva pane mamiriyoni maviri nehafu, 2 kubva pane mamiriyoni maviri nahafu.

149 Unoti, “Izvozvovo... Chii chakaitika kwavari?” Vakatoparara Nokusingaperi.

150 “Vose zvavo, Hama Branham?” Jesu akataura kudaro.

151 Vakati, “Madzibaba edu akadya Mana murenje, uye vakanwa kubva paDombo.”

152 Uye Iye... Jesu akati, “Uye ivo, vese zvavo, vakafa,” vakaparadzaniswa Nekusingaperi, munoono, vese zvavo.

153 Cherechedzai vakanyunyuta pamusoro penzira yakapihwa naMwari, ndicho chikonzero vakafa. (Zvino, teeresesai, musapotsa zvitaurova zvisihoma izvi zvekupedzisira.) Vakanyunyuta! Chakavaita kuti vafire murenje, vakanyunyuta pamusoro penzira yakapihwa naMwari: neMharidzo yemunhu 1, muporofita, hutungamiri hwemunhu 1. Ndiudzei apo Mwari vakamboshandisa boka kutungamira. Hamuzviwane muBhaibheri. Munhu 1, ivo... Shoko rakauya kuna Mosesi!

154 Kora; tose tinoziva kuti iye—iye akazviunganidza pamwe chete akanyunyuta pamusoro paMwari kunge vasina nduramo, kuita chinhu chakadaro, kuita munhu 1 ane Mharidzo. Akati, “Tese tiri vatsvene. Sei tisingakwanisi kuva nesangano? Uye nei tisingakwanisi kuva... kugadzira *ichi*, nokuita *ichi*, nokuita *icho*?”

¹⁵⁵ Mwari vakaudza Mosesi, “Zvipatsanure kubva kwaari, Ndaneta nazvo.” Uye rangarirai, Judhasi anotaure zvimwe chetezvo, mumazuva okupedzisira. Ndizvozvo, “Vakaparara mukukakavara kwaKora.” Tinozivawo zvakaitika kuna Kora ne—nevamwe vose vakapokana Shoko raMwari nehuchenjeri hwaMwari pane hutungamiriri ihwohwo hwemunhu 1: mumwe nemumwe wavo akaparara.

¹⁵⁶ Zvino, tichacherechedza Mwari vari mumufudzi aive muporofita, vachiratidza hurongwa hwaVo hweramangwana mune izwi rechiratidzo chaitevera. Zvino, tarisai. Tinozviona *ipapo*, zvino ngatizvionei muchiratidzo chinotevera.

¹⁵⁷ Zvino, cherechedzai, akatumirwa kuhama dzake dziri muhutapwa, pasi pehuranda, neMharidzo yerudzikinuro, nechiratidzo chakapihwa naMwari kuratidza zvaVakataura. Israeri yakagamuchira Mharidzo yake, vakaItenda, mumwe nomumwe wavo, asi munguva dzamanheru... Vakaendera zvishamiso zvake, asi panguva yamanheru ivo... akapa Mharidzo yake, “Zvakanga zvakasiyana.” Vose vakanga vasina kutenda Mharidzo iyoyo, vakafa. Ndizvozvo. Mharidzo yaiva chii? Mharidzo yaive yekutongwa kwaiuya. Zvino panguva yamanheru, panguva yamanheru, Mwari vakapfuura nemumusasa weIsraeri kundoona kana vanhu vacho vakanga vatenda Mharidzo yemufudzi aive muporofita waVo; uye vose vakanga vasina kuItenda, vakaparara.

¹⁵⁸ Zvino cherechedzai, tichazviunza kuMufudzi Mukuru munguva shoma-shoma. Maona? Cherechedzai shumiro yeMufudzi Mukuru aiva Muporofita. Pazvishamiso zvaKe, kereke imwe neimwe yakavhurwa uye yaiMugamuchira. Vaida kuti varwere vavo vapodzwe. Vaida kuita zvinhu zvikuru. Mukurumbira wake waive mukuru. Asi nguva yamanheru payakasvika, rimwe zuva shure kwokunge Ashandura mvura ikava waini, uye akanga apa zviuru, chingwa chokudya, uye akaita zvishamiso, Akatanga kugara pasi ndokutaura navo. Zvino Akati kwavari, “Ini naBaba vaNgu tiri mumwe. Unotaurirei kuti, ‘Tiratidzei Baba?’”

¹⁵⁹ “Oo, hama! Munhu uyu ari kuzvianzanisa naMwari here?” Zvakanga zvakananyira mafungiro avo ehufundisi. Asi chaiva Chokwadi, Akanga ari! Maona? Asi pavakadaro, vazhinji havana kuzoMutevera.

¹⁶⁰ Akabva Atendeuka ndokuti, “Kunze kwekunge madya Nyama yeMwanakomana wemunhu, nekunwa Ropa raKe, hamuna Hupenyu mamuri.”

¹⁶¹ Zvino, munofunga kuti munhu akangwara, akatesva njere angafungei? Ndinofungidzira vaprisita vakave naYe mutemberi vakanyara kwazvo—kwazvo neku—nekuva naYe ipapo. “Kufunga kuti munhu anosimuka otaura chinhu chakadaro, ‘Kunze kwekunge imi vanhu madya Nyama yaNgu,

nokunwa Ropa raNgu.” Akati, “Uyu munhu ndimusveta ropa, munoono, ‘Kudya Nyama yaNgu nekunwa . . .’ Handiti, munhu anodya nyama yevanhu. Imi vanhu vanofunga zvakanaka mucha . . .munotobva pane mupengo wakadaro.”

¹⁶² Haana kumboZvitsanangura, AkangoZvitauro! Akazviita kuti avagumbure, kupatsanura makwai aKe kubva kumbudzi. Akazviita kuti avarasise. Uye ipapo hapana aida kushanda pamwe naYe. Vakanga vasisashande pamwe chete kubva ipapo zvichienda mberi. Maona?

¹⁶³ Cherechedzai, panguva yemanheru, Mwari vakapfuura nemumisasa ndokuona kuti ndiani akanga atenda. Uye Vakaita zvimwe chetezvo mumazuva eMufudzi Mukuru. Cherechedzai shumiro yeMufudzi Mukuru aive Muporofita, asi cherechedzai izvi, kuvatendi veMharidzo yaKe, asi kwete . . .Mharidzo ino yemanheru, vaisaItenda. Vaisatenda kuti Aiva Mwari. Vaida kuMuita munhu akanaka. Vaida kuMuita muporofita. Aive murume akanaka, uye Aive Muporofita, asi Aipfuura kuva izvozvo. Ndiyo dzidziso yemazuva ese nhasi uno, yekuti “Angoriwo munhu akanaka, aive muporofita.” Aive asiri chimwe chinhu kunze kwekuva Emanueri! Akanga ari Mwari vachiratidzwa muna Jesu Kristu Mwanakomana waVo, zvichimuita Iye naBaba mumwe. Ndizvo zvoga zvaAigona kuva.

¹⁶⁴ Zekaria 14:7, ndingataura izvi, inotaura nezveZviedza zvemanheru neMharidzo zvakare panguva yekupedzisira. Mazvicherechedza here izvozvo? Avo vose vakatevera Mosesi, vakaona Shongwe yeMoto yakamuzivisa paGomo reSinai. Akanga apupura nezvayo, uye akataura nezveShongwe yeMoto iyi iri mugwenzi uye ndokumuudza Mharidzo iyi, vazhinji vavo havana kuItenda. Asi vose vakamutevera vachibuda kubva muEgipita (vakabuda kubva munyika uye vakayambuka gungwa rekupatsanura, ndokuenda murenje), vakaona Shongwe yeMoto imwe chete (yaakanga ataura nezvayo) ichisimbisa kuti mufudzi aive muporofita iyeye ndiye mufudzi wemakwai. VakaIona, uye vazhinji vavo zvakadaro havana kuItenda mushure mekunge vaIona.

¹⁶⁵ Cherechedza kuti sei, zvakare, Mwari vasingashanduki, Mufudzi Mukuru aive Muporofita, akatora avo vakasara vakamira naYe uye neshumiro yaKe kuGomo reMiorivhi; Mufudzi Mukuru aive Muporofita, Uyo watiri kutaura nezvake, Jesu. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . .? . . . ndokunzwa Baba (Shongwe yeMoto imwe chete) vachiMusimbisa, vakasimbisa Mosesi.

¹⁶⁶ Mwari vamwe chetevo Mosesi akataura nezvavo, vakauya pana Mosesi uye vakaratidza neShongwe yeMoto kuti Vakanga vari Jehovha vakanga vachitungamirira Mosesi. Mwari vaive mumufudzi waVo aive muporofita.

¹⁶⁷ Apa Vanatora mumwe Mufudzi aive Muporofita, Muporofita Mukuru, Gwai Chairu, Jesu, uye vakatora varume 3 vakasarudzwa, ndokuenda navo pamusoro peGomo reMiorivhi, zvino ipapo ndokusimbisa Jesu. Uye vakatoZvibvisa pane vamwe vanhu vose, Vakati, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, Munzwei!” Zvino pavakatarisa mudenga, havana kuona munhu kunze kwaJesu chete. Ndizvozvo. Akanga ari iYe wacho. Zvino, zvatoringana, sekuona kwangu. Maona?

¹⁶⁸ [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...?... [Chibenga chisina chinhu patepi.]...?...chiso. Mosesi akanga ari pamberi peShekina paGomo reSinai. Yakashandura chiso chake. Paakadzika, akatozo—zoisa chifukidzo pachiso chake, Mosesi mufudzi aive muporofita; uyo Jehovha vakanga vari maari, muchikamu, muchikamu chete, chiso chake. Akanga ane Shoko mumuromo make.

¹⁶⁹ Asi cherechedza apo Mufudzi Mukuru paakanga ari pamberi peShekina. Zvakaitei? Zvakashandura chiso chaKe chese. Akanga asingori chikamu chaMwari, Aive Mwari muhuzaro! Aive Emanueri.

Sei vaifanira kuve vari vafudzi?

¹⁷⁰ Tarirai! Onai, zvino, Mwari Samasimba vanofambafamba...vachiZvifananidzira, waro, muna Mosesi mufudzi aive muporofita. Tarisai kuti Mwari vakaZvzivisa sei. (Ichi ndicho chitaurwa changu chekupedzisira.) Momuona, akamira akazodzwa muhupo hweShongwe yeMoto! Pasina munhu pagomo kunze kwaMosesi naJhovha. Amen! *Ameni* zvinoreva kuti “ngazvive saizvozvo.”

¹⁷¹ Tarirai! “Isa ruoko rwako muchipfuva chako!” Asi, tarisai chiratidzo chechipiri ichi zvino chine inzwi. “Isa ruoko rwako muchipfuva.” Hatina chikonzero chekuti titende kuti Mosesi aishandisa ruoko rweruboshwe, saka anofanira kunge akaisa ruoko rwake rwerudyi muchipfuva chake, nekuti vanhu vazhinji vanoshandisa ruoko rwerudyi. Akaisa ruoko rwake rwerudyi...Zvino tarisai! Mufananidzo wakadini watinoona pano, waJhovha muna Mosesi mufudzi aive muporofita! Mosesi achimirira Mwari, nokuti Mwari vakanga vari muna Mosesi. Mutarisei achiisa rwake... “Ruoko muchipfuva chako.” Chiratidzo chakadini!

¹⁷² Zvino, hapo akamira, akaisa ruoko rwake rworudyi pamusoro pemwoyo wake (akamira sezvizi) apo zvakavanzika zvavanda zverudzikinuro zvakanga zvavanzwa kubva pamavambo enyika. Hechino chikonzero sei vafudzi. Jesu ndiye ruoko rwerudyi rwaMwari, tese tinoziva. Hoyo Mosesi ari kuMufananidzira nemazvo. Akabata zvavanzika zvaBaba, uye akazviratidza kwatiri. Cherechedzai, tarisai achibvisa ruoko rwake rwerudyi muchipfuva chake rwarohwa nemaperembudzi anouraya. Zvakaratidza zvaizoitwa naMwari neRuoko

rwaVo rwoRudyi. Cherechedzai, maperembudzi haarapike. Cherechedzai, zvakare, akanga asiri maperembudziwo zvawo, akanga ari mudanho rawo rokupedzisira, akachena sechando; ruoko rwake rwakanga rwarohwa nechinhu chakaipa kwazvo. Mosesi anofanira kunge akanzwa sei paakavhomora ruoko rwake rwerudyi kubva pamwoyo pake, kubva muchipfuva chake, uye ruoko rwake rwakanga rwarohwa namaperembudzi! Maperembudzi anofananidzira chivi, chisingarapiki, uye kunyanya padanho racho rekupedzisira.

¹⁷³ Uye, hama, ndipo paive nyenika apo Mwari vakavhomora Ruoko rwaVo rwoRudyi kubva pachipfuva chaVo! Nyika yakarohwa nemaperembudzi anouraya, uye pasina kana mushonga wawo. Ndizvo zvazviriwo manheru ano, nokuti havagamuchire mushonga. Mushonga wakaitwa paKarivhari, asi vanhu vanoda kutora rimwewo gwaro remushonga rakagadzirwa nevanhu pachinzvimbo chegwaro remushonga raMwari kuitira chivi.

¹⁷⁴ Cherechedza kuti haana kumbouya zvishoma nezvishoma, semaitiro anoita maperembudzi, asi kamwe-kamwe! Paakavhomora ruoko rwake, rwaive rwakarohwa, rwaive rwakazara nemaperembudzi. Cherechedzai zvakataurwa naMwari, “Zvino, haungokukurwi zvishoma nezvishoma muchivi; asi musi waunoudya, uchafa nezuva iroro.” Uye ndizvozvo, “Zuva raunochidya.”

¹⁷⁵ Cherechedzai, aiva muprofitita aive mufudzi akazvirova. Akatora, nomurairo waMwari, akaisa ruoko rwake pachake muchipfuva chake, ndokurwuvhomora rwarohwa namaperembudzi. Muprofitita aive mufudzi akazviita pachake. Uye Muprofitita Mukuru aive Mufudzi, Jesu, akazviita pachaKe, “Ndinoradzika hupenyu hwaNgu pasi, hapana munhu anohwutora kubva kwaNdiri.” Akanga ari Mufudzi Mukuru, Muprofitita Mukuru aive Mufudzi, “Hakuna munhu angahutora kwaNdiri, Ndinozviita pachaNgu.” Cherechedzai kuti haana kuuya zvishoma nezvishoma, akauya muchinguvana. Mufudzi Mukuru, pachaKe, akatora mhosva yedu akaZvirova, akatora zvivi zvedu akazviisa paAri. Ndokusaka mudetemi akanyora kuti:

Pakati pematombo aitsemuka uye nematenga achisviba,
Muponesi wangu akakotamisa musoro waKe ndokufa;
Chidzitiro chaizaruka chakazarura nzira
Yekumafaro eDenga uye nezuva risingaperi.

¹⁷⁶ Chakavanzika ichocho chakanga chiri pachipfuva chaMwari makore ose aya, chakafukidzwa noruoko rwaVo rworudyi, Jesu. Mufudzi Mukuru akatora paAri mhosva yedu nokuda kwedu. Isaya 53:6, inoti, “Akakuvadzwa nokuda kwokudarika

kwedu. Akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu. Kurohwa kwakativigira rugare kwakanga kuri pamusoro paKe. Uye nemavanga aKe takapodzwa.” Chakavanzika chekupodza kwaMwari chaigara muchipfuva chaJesu Kristu, kana kuti Mwari, Aive kuruoko rwerudyi rwaMwari, ndiro Gwai roga rakabata chakavanzika pachipfuva chaRo. Ndicho chikonzero mimvuri yaRo yaifanira kuva gwai nguva dzose! Rokutanga rakanga riri gwai, rokupedzisira rakanga riri Gwai. Ndicho chikonzero Raifanira kuuya kumufudzi, kuti azive machengetero aanoita Makwai ake. Mazvibata here? Cherechedzai, “Akakuvadza nokuda kwokudarika kwedu, akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu, kurohwa kwakativigira rugare kuri paAri.”

¹⁷⁷ Cherechedzai, akauya nekukurumidza; akabva nokukurumidza, ruoko rworudyi rwuchangobva kuvhomorwa muchipfuva kechipiri. Chirwere chinouraya chakanga chaenda, paakarwuvhomora kechipiri. Uye apo Mufudzi Mukuru, Muporofita weMakwai, paAkataura... Pamuchinjikwa weKarivhari, paAkatibhadharira mubhadharo wechivi isu tose, Akati, “Zvaperera.” Chivi chakanga chapera, murango wakabhadharwa, zvikwereti zvakapedzwa! Hazvina kutora gore, kana pokupedzesera kuzopinda mazviri mumazuva emumwe mumutsiridzi kana chimwe chinhu, zvakaopera pakare ipapo!

¹⁷⁸ Chivi chakauya kamwe-kamwe, nekudarika Murairo waMwari, nekutyora Shoko 1. Manheru ano, hama dzangu, mweya wako uri pamusoro pegehena uri pangetani. Uye ngetani iyoyo haisi imwe dzidziso yemuseminari yebhaibheri, ngetani iyoyo haisi rimwe sangano kana chimwe chitendwa chauri kurarama nacho, ngetani iyoyo iShoko raMwari! Jesu akapa rudzi rwevanhu Shoko raKe kuti vararame naro, uye Evha akangotyora kachibatanidzo kadiki raRo. Uye... chero ngetani haina kusimba kupfuura chibatanidzo chayo chisina kusimba. Paunobvisa Shoko rimwe...Ndiko kwaive kwekutanga kweBhuku.

Jesu akauya pakati peBhuku, uye akati, “Munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko rose rinobuda mumuromo maMwari.” Ndipo paive pakati peBhuku.

Kwekupedzisira kweBhuku, Akati, “Ani naani anotora Shoko rimwe (anodudzira zvisizvo Shoko rimwe chete), anobvisa Shoko rimwe kubva Apa, Ndichabvisa chikamu chake kubva muBhuku reHupenyu.” Uri kupfuura nepamusoro pegehena, wakarembere paShoko raMwari. Usarega mumwe munhu achimanikidzira chimwe chinhu mauri chisiri ZVANZI NAJEHOVHA!

¹⁷⁹ Oo, ndaona...Zvinoka, vanoti, “Chokwadi, zvese zvatakaita. Zvese zvatakaita!” Ndizvo zvaifungwa pamwe

nevaprisita vakuru nevamwe mumazuva eMufudzi Mukuru. Ndizvo zvakafungwa naEvha. Ndizvo zvaakaudzwa naSatani, “Chokwadi Mwari havadaro.” Asi Vakazviita, nokuti Vakati Vaizozviita. Uye ndicho chikonzero Vachazviita zvakare nhasi.

¹⁸⁰ Ndosaka, sezvaVakataura, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa, apo mweya 8 yakaponeswa, nemvura, ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana weMunhu.” Munoono, vashoma kwazvo, “Nokuti suwo rakamanikana, uye nzira in hete inoenda kuHupenyu, uye vachava vashoma vachaIwana.” Ndizvozvo. “Nokuti yakapamhama nzira inoenda kunoparadzwa, vazhinji vachapinda mairi.”

¹⁸¹ Pakarohwa Mufudzi Mukuru, Muporofita weMakwai Mukuru, paAkarohwa kumashure ikoko, Akati, “Zvapera!” Zvino panguva iyoyo, Mufudzi uyu achingobva kurohwa, zvakabva zvaperera. Chivi chagadziriswa, pakanga pasisinazve chivi. Vakanga vachena, murango wakabhadharwa. Vatendi vane mazita akanyorwa muBhuku reHupenyu, vakanga vakafanotemerwa kubva pamavambo enyika, zvakanga zvatopera panguva iyoyo chaiyo iyo Jesu akati zvaperera. Iye, Mufudzi Mukuru iyeye, akanga avinga makwai aKe. Zvakanga zvaperera, ruoko rworudyi rwaMwari rwakavhomorwa kubva pachipfuva chaVo, rwakarohwa. Zvino paEsta Vakarwudzorera (ameni), vakarwusimudza zvakare muchipfuva chaVo, uye vakarwutambanudzira kwauri neni, muchimiro cheShoko raVo, kutidzikinura kuti tidzokere zvakare kubindu repamavambo iro chivi chakatibvisa kwariri. Chakavanzika chakavanzwa chemoyo waVo mukuru chakazarurwa neMuporofita aive Mufudzi. Chakazarurwa neMufudzi, Muporofita aive Mufudzi.

¹⁸² Ndosaka makomo akasvetuka nekudanidzira nezuva iroro. Ndosaka zuva rakavanza chiso charo ndokudanidzira nemufaro. Ndosaka zvisikwa zvese zvakasununguka; mhupo yakazunguza miti kusvikira yazunguzika nokuzunguzika, ikafara, ikasvetuka. Zvakaona Muporofita aive Mufudzi, pagomo, achidzikinura zita roga-roga riri muBhuku reHupenyu. Uye zvakaona kuti hunhu hwazvo pachazvo hwakadzikinurwa! Zvakadanidzira, uye zvikasvetuka. Uye Nyika ikapinda mukundengendeka kwenyika. Uye makomo akapamuka, nematombo akadonha. Uye Zuva ndokuvira. Uye—uye zvinhu zvose zvikaitika. Sechero musangano zvawo, kana Mufudzi akuzarurira kuti “zvapera!” Ipapo . . .

¹⁸³ Ndakaona manyawi ekusvetuka, uye namanyawi emufaro, asi hapana akakuvara. Makomo akatinhira, uye iwo . . . zuva rakavira, uye zvinhu zvose zvikaitika, asi hapana munhu akakuvadzwa. Uye ndakaona misangano apo simba raMwari rakazarurwa kuvanhu kuti ivo “vakanga vasunungurwa kubva kunyika uye nezvinhu zvenyika,” uye mufaro waJehovha wakazadza unganano. Vakamira vakadanidzira, uye vakachema, uye vakashevedzera nenzwi ravo rose, nokuda kwokubwinya

kwaMwari. Handina kumbobvira ndaona chero chinhu chakabuda muhurongwa, vaigara vari muhurongwa chaimo; nokuti vakanga vacherechedza kuti, zita ravo rakanga rakanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Muporofita mukuru aive Mufudzi akanga avaunzira Mharidzo, uye vakadzikinurwa, Muporofita aive Mufudzi. Zvisinei nekuti dzimwe nharaunda dzevafundisi dzaiti chii pamusoro paYo, vaiziva zvakanga zvaitika. Sezvakangoita vafudzi vaye kumashure uko, vaiziva zvakaitika.

¹⁸⁴ Hakuna munhu ane kodzero yekupinda papurupiti tsvene kuti aparidze Shoko kusvikira iye aita sezvakaite Mosesi, kusangana naMwari, pachake, panzvimbo apo kusina mudzidzi webhaibheri anogona kuIshaisa basa netsananguro. Mosesi akanga aripo! Hazvina mhosva kuti nhume dzeIsraeri dzakatii, “oo, zvaive zvisina musoro, wakangofungidzira kuti wakaona izvi; hazvina musoro,” waisakwanisa kuZvibvisa kubva kwaari, aiziva! Aiveko! Ndiye wacho wazvakaitika kwaari! Uye hapana munhu kubudikidza nedhigirii redzi—dzidzo yebhaibheri kana rimwe dhigirii rachiremba ane kodzero yekuva seri kwepurupiti, kutora Mharidzo yaJesusu Kristu, kusvikira atanga asangana naMwari chiso nechiso muShongwe yeMoto. Haana kodzero yekuzvidaidza kuti mutumwa, nokuti vadzidzi vose vebhaibheri munyika havakwanise kuZvitsanangura zvisizvo kuti zvibve kwauri. Zvakaitika kwauri! Wakanga uripo, unoziva nezvaZvo. Hauna hanya neizvo mumwe munhu anotaura, kana kuti vanogona kutaura zvakadini kuti, “mazuva acho akaenda, hazvisizvo,” iwe...zvakaite kwauri, uye zviri maererano neShoko.

¹⁸⁵ Hongu, ndicho chikonzero Mosesi aiziva kuti Inzwi iri rakanga rataura naye, rakanga riri Inzwi reShoko. Aiziva kuti Mwari vakanga vaudza Abrahamu, “Mbeu yako ichagara sevatorwa kwemakore 400, asi Ndichavadzikinura.” Uye aiziva kuti makore 400 akanga apera uye akanga adanwa kuti azviite.

¹⁸⁶ Varume nemadzimai, Mwari vakavimbisa mumazuva ano ekupedzisira kuti Vachadurura Mweya waVo pamusoro penyama yose. Vakavimbisa kuti Vachatumira Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye Vaizodana Mwenga usina gwapa kana kuunyana. Vakavimbisa kuzviita, Vachazviita. Regai kuteerera kune vafudzi ava vatoriwo pabasa, vanokubuditsai mugwara. Mweya Mutsvene ndiwo Mufudzi anokupai chikafu chemakwai kubva muShoko iri. Rinogara richiyaya neMufudzi. Ndiye Mufudzi wedu. Munzwei, muri makwai eboka raKe; kana muri, munonzwa Inzwi raKe. Kwete zvinotaurwa nemumwe munhu, munonzwa zvaAnotaura. Inzwi risinganzwisike, hapana chaunoziva nezvaro.

¹⁸⁷ Oo, ini zvangu, teerera kune mufudzi mukuru anova muporofita zvakare, achidudzira uye achivazivisa, Johane

(paakamira murwizi Jorodhani), tarisai zvaakataura (aive akamira ipapo, achiparidza), akati, “Nguva iri kuuya. . .”

¹⁸⁸ Cherechedzai, Johane aive mwanakomana wemuprisita. Vaigara vachitevera dzi—dzinza rababa vavo, ndiyo nzira yatakawana nayo mazita edu. Nechero izvo zvavakaita, vakavadaidza kudaro. Zvino Johane aifanira kuva muprisita sababa vake.

¹⁸⁹ Uye, munoziva, amai vake, pavakanga vabata pamuviri, mushure mokunge Mutumwa waJehovha asangana nababa vake Zakaria, uye ndokunge kumba kuna Erizabhete, uye akanga atova nemwedzi 6 mune. . .kuve amai. Asi akanga asati awana hupenyu, akanga achitya nokuti mwana akanga asati atamba. Hazvisi zvamazuva ese.

¹⁹⁰ Zvino Mweya Mutsvene, Mutumwa waJehovha akazviratidza kuna Maria, ndokumuudza kuti akanga “ari kuzova nemwana, asingazivi murume,” ndokumuudza nezvechinhanu chaErizabhete.

¹⁹¹ Akakwira makomo eJudhea, kunoudza Erizabhete. Zvino akati asangana naErizabhete, akamuudza kuti iye “akanga ari kuzova amai.” Zvino haana kuzvinzwisisa, “usingazivi murume.” Asi akati, “Mweya Mutsvene wakandifukidzira, uye ukati chinhu Chitsvene ichi chichazvarwa neni chichanzi ‘Mwanakomana waMwari,’ uye ndichadana Zita raKe kuti ‘Jesu.’” Uye kekutanga apo zita raJesu rakambotaurwa nomuromo wemunhu, kamwana kadiki kakafa, mudumbu raamai vako, kakakwakuka nomufaro ndokudanidzira; ndokusvetuka mudumbu raamai, uye kakanga kachigere kuwana hupenyu.

¹⁹² Zita raJesu Kristu rakataura hupenyu mumwana akafa. Ko Rinofanira kuita sei muchechi inoti yakazvarwa patsva?

¹⁹³ Zvino tinogara tisina hanya sezvimapundu zviri pagaka, uye torega zvinhu zvakadaro zvichienderera mberi. Uye wotya kusimuka nekupupura zvaunotenda, uye nekupa mhosva zvese izvi zvisina maturo, woita kuti Jesu Kristu ave mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Yave nguva yeKisimusi, buditsai anaSanta Claus ava nezvimwe, kure nehupenzi ihwohwo hwekutengeserana. Ndekupi kwamakambonzwa nezvaSanta Claus muBhaibheri? Ingano yechiRoma, hapana nezvayo zvachose, hakuna chinhu chakadaro. Musadzidzisa vana venyu zvisina maturo zvakadaro. Zvokuti rimwe zuva uchafanira kuzomuudza kuti yaive nyaya yenhema, ipapo unenge wanyepera mwana wako. Uye zvinokanganisa chapupu chako pamusoro paJesu Kristu, achati, “Zvichida ndiCho chinhu chimwe chetecho.” Isai Jesu Kristu Mufudzi Mukuru aive muporofita muKisimusi maInogara.

¹⁹⁴ Cherechedzai, teerera i muporofita uyu, Johane, amire ipapo. Tose tinoziva kuti akanga ari mufudzi mukuru aive muporofita. Zvino, aive neshoko, Ngirozi yakaziva kuti aizozivisa Jesu.

¹⁹⁵ Zvino, aisakwanisa kuenda kune imwewo seminari. Vaizoti, “Zvino, unoziva kuti Chiremba *Nhingi-nhingi* ndiye munhu wacho chaiye achazitora nzvimbo zvino. Unofanira kumuzivisa. Uye unoziva zvakango. . .” Munoono, haaigona kuzovhengana nevanhu.

¹⁹⁶ Pazera remakore 9 okuberekwa, tinoudzwa, akaenda murenje kunogadzirira pamberi paMwari. Ndiko kunobva vafudzi. Cherechedzai kuti mharidzo yake yakanga isina kuita semudzidzi webhaibheri, ine mamwe mazwi makuru-kuru, kwazvo erimwe dhigirii. Akati, “Oo, imi chizvarwa chenyoka.” Achiudza vanhu vanonamata, “Imi boka renyoka.” Ndizvo zvaakanga aona murenje, akaona nyoka. Chinhu chakadereresha chaaigona kuwana inyoka, uye akadaidza vaprisita navafundisi navadzidzi vebhaibheri vezuva iroro kuti, “Boka renyoka!” Akati, “Ndiyani akakuyambirai kubva pakutsamwa kuchauya? Musatanga kuti, ‘Isu tiri *veuku*, uye tiri *veuko*,’ nokuti ndinoti kwamuri kuti Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahamu vana.” Matombo, zvaakanga aona murenje. “Uyewo, demo ratoiswa pamudzi wemuti.” Ndizvo zvaakanga achiona: nyoka, miti, renje. Uye, munoono, ndiyo yaiva mharidzo yake. Akanga asingazivi mashoko makuru-kuru emumwe chiremba mukuru wedzidzo yechitendero (aigona kuIshaisa basa nekungotsanangura), akangoparidza chaizvo zvinoenderana rezvisikwa.

¹⁹⁷ Ndizvo zvati kuratidza pano: tsvimbo yemufudzi, mufudzi, makwai, divi rezvisikwa.

¹⁹⁸ Akaitei? Aiva nechinhu chikuru chekuita, ndiye wacho aizoziva Mesiya. Akati, “Ndinoti, ‘Amire pano pakati penyuru zvino. Uye hamuMuzivi, nokuti dzidziso yenyu yebhaibheri yakakusungai zvakananyanya, hamuzivi pamuri.’”

¹⁹⁹ Rimwe zuva Jesu akafamba achiuya, iye akati, “Tarirai, hero Gwayana raMwari richiuya rinobvisa zvivi zvenyika.” Gwayana! Hareruya! Yananiso yechokwadi! Hapo ndokuuya wacho akafananidzirwa negwai rimwe nerimwe kudzika kubva mubindu reEdheni, Munhuwo zvake achifamba achidzika kurwizi.

²⁰⁰ Vakati, “Johane, wakaRiziva sei? Handina kuona chinhu chimwe chakasiyana.”

²⁰¹ “Asi ndinopupura, ndaona Mweya waMwari uchiburuka senjiva, uye neInzwi richiti, ‘Uyu ndiye Mwanakomana waNgu Anodikanwa waNdinofarira kugara maAri.’”

²⁰² Tarisai Njiva neGwayana. Maona? Hongu. Ko dai changa chiri. . .ko dai chaive chimwe chinhu. . .Ko dai yakanga iri mhumhi yakamira ipapo? Zvino, Gwayana iroro haraikwanisa

kunge rakaenda pane...kana kuti Njiva iyoyo...Mwari vakaZvifananidzira nenjiva, shiri yakanyanyisa kupfava pane dzose dzokudenga; Mwanakomana waVo negwai, mhuka yakanyanyisa kupfava pane dzose panyika. Tarirai, shiri yakachena yokumatenga, kwete gunguwo; kwete gora, asi njiva. Kwete nguruve, asi gwayana. Humwe hunhu hupi zvawo hungadai husina kusangana pamwe chete.

²⁰³ Uye cherechedzai Njiva payakauya pamusoro peGwayana, YakaRitungamirira. Kwete nenzira yaRaizoita, asi nenzira yaRaizotungamirirwa nayo naBaba. Ndizvo zvakaita gwayana rechokwadi nhasi. O makwai enguva yeKisimusi, hamuzivi here kuti Mwari vanotungamirira neShoko raVo chete? Ndiyo tsvimbo yaVo.

²⁰⁴ Cherechedzai kuti hapana chaizoitika, asi Johane akati, “Vamwe vose havana kuIona, asi ndinopupura kuti, ‘NdakaIona.’” Achizivisa: “Tarirai, Gwayana raMwari rinobvisa zvivi zvenyika.”

²⁰⁵ Regai zvino ndizivise Mharidzo yangu yeKisimusi, uye pandava kuvhara zvino: “Jesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” IGwayana rimwe chete iroro. Achingori Gwayana nhasi sezvaAiva panguva iyoyo. Angori zvimwe chete pano sezvaAiva panguva iyoyo, nokuti Shoko raKe ndiro rimwe chete. “Pose panoungana 2 kana 3 muZita raNgu, ipapo Ndiripo pakati pavo.” Ndizvo chaizvo zvaAkataura. Haamboshanduke, ndiYe Mwari Shoko. Haamboshanduki; achiri kupa makwai aKe, uye achiapa chikafu kubudikidza neMufudzi waKe aive Muporofita, chikafu chaKe chemakwai kutanga. Kwete kumudzidzi webhaibheri; kumakwai aKe.

²⁰⁶ Havazodaro...Ko ivo vamwe vangagona kuChidya sei. Asi vakachenjera...Cherechedzai izvi! Asi vakachenjera nevakangwara, vakanyatsodzidziswa venyika, vachiri kuda kutaura kuti kuna Santa Claus. Uye kune mhando dzose dzengano nezvinhu zvavanonamata, nokuti havaMugamuchire, Shoko; nokuti mumasangano avo, haRienderane nezvanovanofarira, vafudzi vatoriwo pabasa vezuva rino. Vakapihwa basa vanobva pazvitendwa, vanozoda kukubatanidzai pasi pembudzi imwe chete, musazvitenda! Vachakutungamirirai kunzvimbo yokuuruiwa. Inzwi Mufudzi Mukuru akazvarwa makore 1,900 akapfuura, mwedzi uno. Imwe nguva kunze uko, muMharidzo yaKe, kwakauya vafudzi vechokwadi vaiziva kufudza makwai.

²⁰⁷ Vachicherechedza, vachiri kuzvishuva. HavaRigamuchire nhasi, zvimwe chetezvo sekusakwanisa kwavakaita kareko, nokuti harienderane nezvinogamuchirika nevakufundi vavo. Vanoshandura Shoko iroro voriita kuti rienderane nesangano ravo, uye havazoparidzi Shoko. Havazodaro! Vanoti, “Asika, zvakanga zviri zvemazuva avaapostora. Harireve *izvi*.”

Rinoreva chaizvoizvo zvaRinotaura, haRidi munhu ano...?... vaRidudzirirwe.

²⁰⁸ Zvino panguva ino ngatikotamisei misoro yedu nemoyo yedu kuguruva renyika, uye tomhanyira nekukurumidza chaiko kuenda kuchidyiro, kunoono nekugamuchira Chiedza chinounzwa neShoko iri kubudikidza neMufudzi: Muporofita Mukuru aive Mufudzi, Jesu Kristu Mwanakomana waMwari. Ndataura nemi kwenguva refu. Ini pamwe handina kugadzirisa mazwi angu sezvinofanirwa kuitwa nevakundisi, handiedze kuita izvozvo. Ndinoedza kuRitaura sokupa kwaVanoRiita kwandiri.

²⁰⁹ Asi, munoono here kuti sei vaifanira kuva vari vafudzi? Vamwe vakanga vakadzidziswa zvikuru mune imwe pfungwa kusvikira waitadza kuIgumuchira. Uye nhasi tine mhando dzese dzevatariri, mukuru wedunhu, mabhishopi, vapisita, makadhinari, vanapapa, zvoise zviri munyika, kuedza kutitungamirira. Asi Mwari vakatipa Mufudzi, uye Mufudzi iyeye Mweya Mutsvene.

²¹⁰ Nditeererei zvino. “Kana Iye...” (kwete pfungwa, *Iye* chisazitasingwi) “Kana Iye Mweya Mutsvene auya (Mweya weZvokwadi), Achakuzarurirai zvinhu izvi zvaNdataura kwamuri, uye achakuratidzai zvinhu zvichauya.” Ndiye Mufudzi Mukuru, ndiYe Mufudzi akasiwa naJesu. Zvino Mweya Mutsvene wakanyora Bhaibheri, Bhaibheri rakataura kudaro, “Varume vakare, vachisundwa noMweya Mutsvene, vakanyora Shoko.” Zvino, Mweya Mutsvene ungakukwevera kune chitendwa here? Ungakudhonzera—kukudhonzera here kune chimwe chinhu chisingataurwi neShoko rino? Handiti, zvingave zvisingatogoneki zvachose. Mweya Mutsvene waizova murevi wenhema kana Wakataura kuti “*Izvi* ndizvo zvaunofanira kuita,” uye wobva wozoshanduka woti, “Kwete, Raive risiriro, zvino iwe ita izvo zvinonzi nechechi uite.”

²¹¹ Zvino, kana wanga uchiteerera kune chimwe chinhu, chimwewo chakakukwevera kubva kure kune chaiye, Mufudzi wechokwadi anokutungamirira kuShoko, Mweya Mutsvene, uye usina chiitiko, uye usina huchapupu hweMweya Mutsvene muhupenyu hwako, wokuti usina...

²¹² Mwari Mumwe. Mwari ndivo vega vane Hupenyu Husingaperi, uye ndiVo Hupenyu Husingaperi. Uye chinhu chipi zvacho chine mavambo chine magumo. Uye kana ungori nhengo yechechi, yakava nemavambo. Asi Shoko raMwari harina mavambo, Mwari havana... Uye kana wazvarwa naMwari, wazvarwa neShoko, zvino unobva wava mwanakomana waMwari, uye zita rako rakaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Uye iwe, ruvara rwebvudzi raunaro, ruvara rwemaziso aunawo, chimiro chauri machiri, Mwari vakakuona nyika isati yavambwa. Uye Vakakuona, uri

munhu, sezvauri. Uye kunyangwe kukauya mamwe makore miriyoni zvisinei, hapana chinogona kukutadzisa kudzoka kune mufananidzo iwoyo wakakwana uyo Mwari vakagadza vachiitira iwe pamavambo, “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu, mutorwa haangateveri.”

²¹³ Uye kana usati wagamuchira Hupenyu Husingaperi, manheru ano, uye uri kutarisa nga—nga—ngano yekamwana kadiki kakarara muchi—chi—chidyiro, uye neboka revarume vachenjeri vakamukomba, usatende zvinhu zvakadaro. Uye uchiyedza kufunga kuti, “Zvinoka, ndichaita zvakanaka. Uye ndichaita *izvi*. Uye ndichajoinha chechi. Uye ndizvo zvoga zvandinofanira kuita.” Wakarasika. Kana usina Hupenyu Husingaperi, ungararama nekusingaperi sei?

²¹⁴ Unogona kutora tsanga yechibage, handina basa kuti inotaridzika zvakanwana sei, unogona kuga-...Sainzi yakagadzira imwe, yekuti unogona kuivhura: ine mhando imwe chete yehunoro, mhando imwe chete yemwoyo, zvinogadzira zvimwe chete izvo tsanga yakakurira mumunda inazvo, chinhu chimwe chete. Unogona kudziisa murabhoritari, uye haugone kuona musiyanao pane imwe neimwe: imwe inogogadzira chimodho chakangofanana neimwe, imwe inogadzira mhando imwe chete yemacorn flakes. Asi nzira chete yaunogona kudziziva, kudzifushira. Iyo yakagadzirwa nemunhu, inogara ipapo, inowora uye haimere. Asi iyo yakagadzirwa naMwari, ine chizenga chehupenyu, inorarama zvakare.

²¹⁵ Unogona kutevedzera Mukristu, unogona kuenda kucheche seMukristu, unogona kuisa zita rako mubhuku seMukristu, unogona kujoinha sangano seMukristu; zvingava zvakanaka, asi kunze kwekunge Hupenyu Husingaperi ihwohwo huri mauri uhwo uyo Mufudzi Akanaka hwaakapira Hupenyu hwaKe, kuti apatsanure...Mwari pavakadzika paPentekosti, Vakaburuka vari mubhora remoto sezvaVakaita paGomo reSinai, sezvaVakaita kumufudzi wekutanga, Mosesi. Zvino paVakaburuka, VakaZvipatsanura mundimi dzemoto dzakagara pamusoro pemumwe nemumwe wavo, Mwari vachiZvipatsanura muvanhu vaVo. Uye kunze kwekunge wagamuchira icho... Petro akataura kuti “Ndewenyu, nekuvana venyu, kune avo vari kure.”

²¹⁶ Shamwari, musateerere kune chero ngano yedzidzo yebhaibheri zvayo, imi berekwai patsva. Uye kana wadaro, Mweya uri mauri chikamu chaMwari, uye unopupura kuShoko rose raMwari kuva “Chokwadi.” Kana usina chiitiko ichocho, ngatimhanyirei zvino kuchidyiro, Shoko. Ngatichimbidzei kuenda kuBhaibheri, tichibva kumakereke aya akapiwa mazita akashongedzwa nedzidziso yebhaibheri, kuenda kuchidyiro chaicho, kuShoko raMwari uko Mesiya anoziviswa.

Nemisoro yedu yakakotamiswa, ngatinamatei.

217 Mwari Vanodikana, ndizvo zvoga zvandinoziva kutaura panguva ino. Tave kusvika paKisimusi, migwagwa yakazara nevarume nemadzimai, vakomana nevasikana, vachisunda, vachisairira, vachiedza kutenga chipo kuti vadzorere kune mumwe munhu anozovapawo saizvozvo. Vanhu vakawanda vanozviti Makristu vari kunze mumigwagwa vachitenga fodya, doro, sezvipo zveKisimusi. Mwari, zvinoita sekunge vari kuzvikanda vachizvidzorera chaiko kuchiso cheNyu, vachidzidzisa vana vavo imwe ngano, yeRoma, dzidziso yebhaibheri yechihedheni yaMutsvene Nicholas, imwe ngano inogamuchirwa zviru nyore nenyika, uye vanoramba Kristu chaye weKisimusi, Gwayana chairo.

218 Mwari, ndinonamata, manheru ano, kuti takatsikitsira misoro yedu kuguruva raMakatibvisa kwariri, ..Makaudza Abrahamu pane imwe nguva, muporofita mukuru aive mufudzi kuti, “Buda, Abrahamu, uye uverenge jecha riri pamahombekombe egungwa.”

219 Zvino akapindura shoko akati, “Hariverengeki, handikwanise kuriverenga.”

220 Zvino makati, “Tarira kumusoro kumatenga, uverenge nyeredzi.” Uye akaziva kuti zvakanga zvisingagoneki. Uye Makati kwaari, “Ndizvo zvichava mbeu yako.” Tinotarisa shoko iroro kumufudzi iyeye aive muporofita, “kubva paguruva renyika, kusvikira kunyeredzi dzokudenga,” kuti kunyangwe muine rufu mumitumbi yedu inofa rwunotiendesha kuguruva, pane Hupenyu hunogona kutisimudza kusvika kunyeredzi.

221 SezvaMakataura kumuporofita weNyu mukuru Dhanieri, “Uye avo vanoziva Mwari wavo, mumazuva ekupedzisira, vachaita mabasa makuru. Uye avo vanotendeutsa vazhinji kune kururama vachapenya kupfuura nyeredzi nokusingaperi-peri.”

222 Ishe Mwari, Musiki Mukuru, Uyo akanga achida kwazvo kuuya panyika muchimiro chaJesu, kuti azivise munhu zvaiva zviru Mwari. Uye ndiMi Moga maikwanisa kutora murango werufu, hapana Ngirozi, hapana chinotsiva chaigona kuzviita. Ndimi waCho makaisa murango wacho, uye ndiMi moga maigona zvine nduramo kuubvisa. Uye muri Mweya, haMaigona kufa. Asi Makaitwa nyama kuti Mugofa; uye mova Gwayana kuti Mubvise chivi cheVadzikinurwa veNyu, zvekuti Makatozovadzikinura neRopa reNyu pacheNyu.

223 Oo, nyaya yacho yakakura kwazvo, Ishe, inopfuura nepamusoro pevazhinji kwazvo. Kufunga kuti: “Jehovha muduku, avete muchidiro, Aitofanira kurarama semwana mucheche. Jehovha muduku, akazvarirwa mudanga. Jehovha muduku, achitamba nevana mumugwagwa. Jehovha mudiki, ari wezera rekuyaruka. Jehovha muduku, mwana wechikoro. Uye Jehovha, Wamasimba.” Makatora nzvimbo dzose idzi. “Uyewozve, Jehovha, Gwayana. Jehovha, Muporofita.” Uye

Mukava zvose izvi kuti Mugotambudzika nemurango wechivi, uye kuti mugotipa Hupenyu Husingaperi.

²²⁴ Tiregerereiwo, O Mwari, isu, zvisikwa zvinonzwisa urombo, zvisina kukodzera zvenyika ino. Tinonyadziswa manheru ano, Ishe, patinoverenga zvaMakatiitira, uye nezvishoma kwazvo zvatakaita mukudzorera. Kuuya kwaMakaita mumazuva evatungamiriri vakuru vezvinamato! Kuda kwaMakaita kumira nekutatidza Shoko raBaba! HaMuna zvakadini kurerutsa pane dzidziso dzavo! Uye nhasi zvinoita sekunge hapana munhu anoda kumira uye oramba achidana Shoko kuva “Shoko,” uye asingarerutsi. Tinonamata, Mwari, Mutiregererewo pazvinhu izvi zvatakaregedzera pazviri. Uye tipeiwo manheru ano, mumwoyo yedu, apo tinopa kwaMuri sechidyiro. Uye tinoziva kuti nguva imwe neimwe iyo Kristu Akarovererwa anogamuchirwa, panova nekuzvarwa patsva, kune gwai richangozvarwa, pane kuimbwa Kudenga neNgirozi. Pamusoro pemutadzi mumwe chete anotendeuka, Ngirozi dzinoimba zvakare.

²²⁵ Tinonamata, Mwari, kuti kana paine vamwe pano manheru ano vasingaKuzivei seChipu chechokwadi chaMwari, seMuponesi wavo pachavo, kwete zvekubata papfungwa chete, asi nekuzvarwa patsva (kwekuzvarwa neMweya weNyu), dai vaChigamuchira iko zvino, Ishe, nemisoro yedu yakakotamiswa. Uye kana paine mumwe, Ishe, asina kuita izvi, dai mwoyo yavo yagamuchira mufaro zvino, uye vowana sevafudzi vekare, muchidyiro chemwoyo wavo, Shoko, Mesiya; achasimbiswa kwavari seMweya Mutsvene, Mufudzi Mukuru wezuva racho. Tinokumbira izvi muZita raJesu.

²²⁶ Tichiri takakotamisa misoro yedu, uye ndinovimba kuti mwoyo yedu yakakotamiswa, ungararo—ungararo, hama yangu inodikanwa, kunyange uri nhengo yekereke. . . Uye ndinovimba kuti handina kukurwadzisa nekutaura zvandataura. Ini. . . Zvakanaka kuva nhengo yechechi, tinofanira kuzviita, asi, O hama, usangozvigamuchira izvozvo, unofanirwa kuzvarwa patsva. Ndizvo zvakataurwa neMuporofita Mukuru ari Mufudzi, “Unofanira kuzvarwa patsva.” Akataura izvozvo kumudzidzi webhaibheri, “Unofanira kuzvarwa patsva.”

²²⁷ Uye kana wazvarwa patsva, hazvisi nekungoti unotenda. Vanoti, “Unozvarwa kana uchinge watenda.”

²²⁸ Asi Bhaibheri rakati, “madhimoni anotendawo, zvakare.” Zvino, cherechedzai, hazvisi izvozvo, chiitiko.

²²⁹ Unoti, “Zvinoka, ndakararama hupenyu hwakanaka.”

²³⁰ Ndizvo zvakaitawo vaapostora, asi vaive vasina kuzvarwa patsva kusvikira vagamuchira Mweya Mutsvene. Vakanga vasina kana kutendeuka kusvikira vagamuchira Mweya Mutsvene. Munorangirira here husiku hwekumashure apo asati atengeswa. . . kana paakatengeswa, nguva pfupi

asati atengeswa? Jesu akati kuna Simoni Petro, “Kana watendeuka, wobva wasimbisa hama dzako.” Zvino Petro akange aMutevera kwemakore 3 nehafu, uye akanga adzinga madhimoni, uye akapodza vanorwara, akanga aparidza Evhangeri, uye zvakadaro (maererano neShoko) akanga asina kutombotendeuka.

²³¹ Zvino, ungada here mhando yakadaro ye—yeNhume mumoyo mako manheru ano? Kana—kana uchinyatsoda Izvozvo... Hazvina mutsauko wazvinoita zvinotaurwa nemumwe munhu, Ichokwadi, hama, hanzvadzi. Ndinozviziva kuti ichokwadi. Ungadaro, apo misoro yese yakakotamiswa uye ziso rose rakavharwa, kwete kwandiri, ndingori munhu, hama yenyu, asi kuna Kristu unosimudza ruoko rwako, iti, “NdinoRitenda. Uye ndinoda Kristu iyeye kuti apinde mumwoyo mangu, Kristu chaiye weKisimusi”? Ungasimudze ruoko rwako zvino here? Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei, zvakare. Mwari vakuropafadzei. Ini zvangu, maoko kwese-kwese.

²³² Ngazviitike, hama; ngazviitike, hanzvadzi; ngazviitike, shamwari yangu; zadzwa noMweya waMwari. Zvinoita mutsauko wei zvinotaurwa nemumwe munhu? Rangarira, hupenyu hwako. Tinogona kunge tichisiri panyika mangwanani, hatina—hatina chivimbo chehupenyu hunopfuura hwatinahwo hwekufema huri mumhino dzedu zvino. Tinogona kusambofemazve, inyasha dzaMwari dzoga. Uye chii chazvakanakira, zvisinei kuti wakararama zvakana sei uye kuti...? Jesu akati, “Kunze kwekunge munhu aberekwa patsva, haangatongopindi.”

²³³ Zvino, ndinoziva *mazwi anoshandiswa* ezviri kuberekwa patsva, asi ngatingotarisi zvakaitika muBhaibheri pavakazvarwa patsva. Petro akanga ari mutendi, vaapostora vaiva mutendi, asi vakanga vasina kuzvarwa patsva kusvikira Mweya Mutsvene wawira pamusoro pavo paPentekosti. Zvino, vakanga vachishaya kuziva kuti chii chaitika, zvino Petro akati, nevamwe vose, “Imi varume veIsraeri, izvi ngazvizivikanwe kwamuri; Jesu weNazareta, murume akasimbiswa naMwari pakati penyu nezviratidzo neminana nezvishamiso, izvo Mwari vakaita kubudikidza naYe; iYe akafanozivikanwa, nedare rakatemwa makamutora nemaoko ane utsinye uye mukamurovera pamuchinjikwa, Uyo Mwari vakamutsa uye isu tiri zvapupu zvaKe. Akaratidza izvi zvamuri kuona nekunzwa zvino, uye zviri maererano neMagwaro.”

²³⁴ Uye ipapo, vakati vachinzwa izvi, vakabayiwa mumoyo mavo, uye ndokuti, “Varume hama, chii chatingaita kuti tiponeswe?”

²³⁵ Petro akati kwavari, “Tendeukai!”

²³⁶ Zvino, shamwari yangu yechiKatorike yakagara pano, apo ndinoziva 4 kana 5 venyu mugere muno. Ndanga ndichikurukura izvi nemuprisita wenyu, pamwe asiri muprisita *wako*, asi mumwe wevaprisita veKatorike, akati, “Jesu akapa kereke simba rekuregerera zvivi, ‘Vose vamunokanganwira zvivi, kwavari vazviregererwa; avo vamunochengetera zvivi zvavo, kwavari zvakachengetwa.’” Ichokwadi. Asi ngationei kuti akazviita sei, kuti vaapostori vakatevedzera sei hurongwa hwaKe, kwete maererano nenzira iyo—iyo inoitwa nomuprisita nhasi.

²³⁷ Asi muprisita wekutanga akaitei, kana muchida kumudaidza kudaro, Petro, uyo aive nemakiyi ekuHumambo, akati zviitei sei? Akati, “Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso iyi ndeyenyu, nekuvana wenyu, nekune avo vari kure, kunyangwe navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu.” Uye kana Mwari vachiri kudana, chiitiko chimwe chete ndechako kana ukatevedzera gwaro remushonga rimwe chetero. Kana ungano iyi ichitenda iZvozvo, nemisoro wenyu yakakotamiswa, itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino, chero chinhu chipi zvacho chisiri Ichocho chinopesana neShoko, uye hachisi maringe neMufudzi.

²³⁸ Ishe Jesu, vari mumaoko eNyu zvino. Ndinonamata kuti moyo wega-wega wakazaruka manheru ano usina Kristu, Mesiya (uye Kristu iShoko, Shoko rakazodzwa raratidzwa), uye kana paine mwoyo yakazaruka pano manheru ano isina Mesiya iyeye, Chipa chaicho cheKisimusi, Chipa choga chechokwadi cheKisimusi chiripo, icho Mwari vakapa nyika, uye vakaChizivisa kunyika nevafudzi, cheGwayana raVo, Yanano yechivi, uye kana mwoyo iwoyo wakazaruka manheru ano, isai mauri, Ishe, Shoko riri Mesiya wanhasi. Tinovakumikidza kwaMuri muZita raJesu Kristu, Mwanakomana weNyu. Amen.

²³⁹ MunoMuda here? MunoMutenda here? “Tsvagai Hushe hwaMwari kutanga, nokururama kwaVo, zvimwe zvinhu zvose zvichawedzerwa kwamuri.”

²⁴⁰ Shamwari, tisati taparadzana, ndinoda kutaura izvi. Nguva zhinji, handinzwiswi zvakanyanya. Ndine Mharidzo kubva kuna Mwari, uye ndinofanira kuzivisa Mharidzo iyoyo zvisinei. Ndinoziva kuti haInzwiswi. Dai Yanga isina kudaro, ipapo yaizenge isiri Mharidzo yaMwari; hayaingava. Pane zvakakanganiswa zvakawanda nhasi zvinoita kuti Irege kunzwiswi. Ndinotenda kuti Mwari vane munhu mumasanganano ose nemasanganano echechi pasi rose, uye hazvisi kuti ndinopesana nehama dzangu. Ndakauya kuno kuTucson, makore 3 akapfuura, uye ndikava nemusanganano nemi vashumiri kumusoro kwaHama Gilmore, zvino zvikabvunzwa, ko ini “makauya kuno kuzotanga chechi here?”

²⁴¹ Ndakati, “Kwete, changamire. Ndakauya kuno kuzokubatsirai.” Asi handisati ndambokumbirwa nazvino, mumakore 3. Asi zvimwe chetezvo, ndiri pano kuti ndikubatsirei. Ndiri pano kuzobatana maoko nemi, kwete kujoinha masangano nemi, asi kubatanidza maoko nemoyo nemi pamusoro peShoko raMwari, kuedza kuparidza Evhangeri kumweya wose wakararika uye nomunhu wose anoshaya ari pasi peruzha rwemanzwi edu.

²⁴² Ndinozvipa kuna Mwari, manheru ano, nemoyo wangu wose, nezvose zviriri mandiri. Handina zvakanyanya kuwanda zvokupa; Handigoni kuunza zvinonhuwira, mura, nendarama, nokuti handina. Asi zvese zvandinazvo mandiri izvo Mwari vakandipa, hupenyu huno, ndinohukumikidza kwaVari patsva manheru ano, pachidiro cheShoko raVo mumwoyo mangu; uye ndoVavimbisa, kumira neShoko iroro, kana Vakandirega ndichirarama rimwe gore, ndakangotendeka sezvandinogona kumira; kuparidza rose zvaRo, uye nokutenda rose zvaRo; naizvozvo, ndibatsirei, Mwari. Mungaitawo zvimwe chete neni here?

²⁴³ Tigamuchireiwo, Ishe. Tinogamuchira Chipa cheNyu cheKisimusi, Mesiya, Shoko rakazodzwa rinosimbisa Hupo hweNyu nesu, Ishe, zvisinei nechitendwa kana sangano. Tinoona, isu pachedu nhasi, nyika ichiparara, uye pano Mesiya mukuru akamira nemaoko aKe akatambanudzwa: Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, akapa vimbiso, kuti mumazuva ano ekupedzisira, chechi ichange yakanyatsoita sangano zvokuti yaizopinda muRaodhikia. Uye tinozviona nhasi, Ishe.

²⁴⁴ Toita sei, nhai Mwari vanodikanwa? Ndoitawo sei? Ndibatsireiwo uye nevamwe vafudzi ava, Ishe, vari pasi rose, vafudzi veShoko, kuRizivisa, Ishe, mugore rino rinotevera. Tibatsireiwo, Ishe, tinonamata. Tipeiwo Rudo rweNyu neMweya weNyu neChiedza cheNyu. Tinozvikumikidza manheru ano kuShoko reNyu uye nepakudana kweNyu. MuZita raJesu Kristu, tinogamuchira Chipa cheNyu cheKisimusi: Shoko raMwari rakaitwa nyama matiri. Amen.

²⁴⁵ Ndinofarira nziyo dzechechi. Pauro akati, muBhaibheri, “Pandakaimba, ndakaimba muMweya. Ndinoparidza, ndinoparidza muMweya. Kana ini...zvese zvandinoina, ndinozviita zvese muZita raJesu Kristu.” Zvino, nokuti Izvi zvanga zvichikuremerai...Uye ndi—ndinokutendai. Ndinouya neMharidzo iyi. Dzimwe nguva zvinoita sokunge ndinovenga kuItaura, asi zvakadaro ndine—ndine mungava, hama. Kana ndikasazviita, ndiri munyengeri. Kana ndikasazviita, ndiri mutengesiki kuhana yangu yemukati, uye nekutenda kwangu pachangu—pachangu muShoko raMwari. Ndinofanira kuzviita, kwete kuti ndive ndakasiyana, asi kuti ndive ndakatendeka

pakudanwa kwangu. Uye ndinoda kukubatsirai mose, ndinoda kuita zvose zvandinogona.

²⁴⁶ Zvino ngatiimbei chimwe chenziyo huru dzenguva dzose, ndinochida zvikuru kwazvo, *NdinoMuda*. Munoziva, ndinotenda kana tose tikangoMuda, taizoita zvaAkatikumbira kuti tiite. “Ko munoNdidaidza sei kuti, ‘Ishe,’ uye musingaiti zvinhu zvaNdinokurayirai kuti muite? Ko munoNdidaidza sei kuti, ‘Ishe,’ uye zvakare morega kuita zvaNdakakuudza kuti muite?”

²⁴⁷ Ungada kuteerera here mufudzi atoriwo pabasa anozoti “isa zita rako mubhuku, ujoinhe; kutora chirairo, taura *izvi*, uye zvakanaka,” apo Mufudzi Mukuru pachaKe akati “kunze kwekunge munhu aberekwa patsva haangaoni kunyangwe Humambo hweKudenga”?

²⁴⁸ Uye tarisai vadzidzi vebhaibheri ivavo vakadzidziswa vezuva iroro, vakadzidziswa! Hutsvene? Kurarama zvachena? Hatina chatingazvienzanisa nacho nhasi, mararamiro avaita. Zvino Mufudzi Mukuru akavadana kuti chii? Akati, “Muri vababa venyu dhiyabhore,” nokuti havana. . . Vakacherechedza Shoko, asi Shoko rerimwe zuva, kwete Shoko rezuva *iroro*.

²⁴⁹ Kana vakacherechedza nguva yaNoa, zvakanaka, yakanga iri nguva yaNoa; asi hayaishanda munguva yaMosesi. Uye nguva yaMosesi yaisashanda munguva yaKristu. Maona? Nguva yaLuther haishande munguva yaWesley. Nguva yaWesley haishande munguva yePentekosti. Uye Pentekosti yakaita zvimwe chetezvo zvakaitwa nevamwe vose. Zvino, ndiani akandibatsira pamazuva apfuura? Ndakubvunzai.

²⁵⁰ Kana tsuri yehuswa yabuda, chii ichocho? Chii. . . kana tsuri yegorosi yabuda. Jesu akati, “Kunze kwekunge tsanga yegorosi yawira muvhu.” Chii chinaitika kana tsanga yegorosi. . . kana gorosi rawira muvhu? Chinhu chekutanga chinobuda itsuri diki. Iyo—haina kuita setsanga yakapinda. Tarisai zvisikwa. Haina kuita setsanga yakapinda, asi inotakura Hupenyu hwetsanga. Chii chakauya. . .

²⁵¹ Uyo asingatendi achangobva kunyora bhuku riya rine mukurumbira rekuti, *Mwari Akanyarara*, rakati, “Kungava sei naMwari anogona kuzarura Gungwa Dzvuku, uye omira nemuchiuru chemakore emazera erima uye oona vana vadiki vachidiyiwa neshumba, uye nevanhu vakarembudzwa pamichinjikwa, uye vachipondwa munhandare nezvimwe, uye haana kana kumbovhura muromo waKe?” Munooni, Shoko chizaruro.

²⁵² Gorosi iroro, apo gorosi iroro rechokwadi parakatanga pamavambo, rakakundika Mwari. Uye pakupedzisira kwakauya Gorosi, chairu rinoratidza Mwari, rairatidza Shoko raVo rose zvekutoti Aiva Shoko. Zvino Mwari vakamupa Mwenga paPentekosti; asi Mwenga iwoyo wakadonhera muvhu mumazera erima, sezvakaita gorosi chairu, Rakadonhera

mukati. Uye sei risina zvarakaita? Nekuti rakanga rakavigwa pasi pevhu, raifanira kuwora risati ragona kubereka hupenyu.

²⁵³ Asi pakauya mumwe muprisita mudiki imwe nguva, ane zita rekuti Martin Luther, zvino akabuditsa Shoko rimwe chete reChokwadi: “Vakarurama vachararama nokutenda,” ndokuuya tsuri; zvino imwe tsuri ikaitevera, Zwingli, zvino ndokuzobva kwauya Calvin naKnox uye zvichienda zvichidzika.

²⁵⁴ Chinhu chekutanga munoziva, yakashandura tsuri yayo, ikapinda mumuchekechera. Zvino, yaitaridzika zvishoma kufanana nayo, asi zvakadaro yaisava chinhu chaicho chakapinda muvhu, kwakabva kwauya Wesley. Kubva muna Wesley kwakabuda chechi yeMethodisti, kubva mukereke yeMethodisti kwakauya maNazarene, United Brethren, zvichingodaro. Yakaitei? Yakadonha zvakare ikaunza, yakaita setsanga chaiyo yegorosi zvino, Pentekosti.

²⁵⁵ Zvino, tarisai Jesu, muna Mateo 24:24, “Muzuva rokupedzisira, mweya 2 ichange iri pedyo nepedyo zvikuru kusvikira ichanyengera Vasanangurwa chaivo, dai zvaibvira.” Zvino, kana tsanga iyoyo yegorosi yabuda, murimi wese wegorosi anoziva kuti yairatidzika setsanga, yakakwana yegorosi. Asi ukagara pasi woibata muruoko rwako, woivhura. Hamuna gorosi mairi, chikwande. Asi kumashure-shure uko, pasi pemaikorosikopu unokwanisa kuona kabukira kaduku-duku, ndipo panouya tsanga. Uye zvino chikwande ichocho chinoitei? Chinochengetedza tsanga, zuva rinopisa raizoiuraya, chinochengetedza tsanga kusvikira tsanga yaibva. Uye zvakare kana tsanga yaibva, chikwande chinobva pairi. Asi, macherechedza here, kuti tsanga iyoyo inozobuda, inofanira kuva mhando yetsanga imwe cheteyo yakaenda muvhu.

²⁵⁶ Mushure merumutsiriro rwaLuther, kwakauya sangano. Mushure merumutsiriro rwaWesley, kwakauya sangano. Mushure maAlexander Smith, John... Alexander Campbell, John Smith, vamwe vose, kwakauya sangano. Mushure mePentekosti, zvichidzika sechinhu chaicho, asi yakava sangano. Yakaitei? Yakabva.

²⁵⁷ Takava nemakore 15 erumutsiriro, hazvina kumbozivikanwa munhoroondo yose. Uye tarisai, murumutsiriro urwu rwamakore 15, Yakafamba pasi rose, uye hapana sangano rimwe chete rakavakwa kubva maIri. Yaivepi? (Yakatanga mvura yekupedzisira, yakafa mune yayo... pakarepo, yakafa.) Hapana kumbova nesangano rakaItevera. Sei? Itsanga pachaYo, hapachisina zvimwe zvakare. Zvino chikwande chava kubva, hapana kushandirana, hapana anokuda. Sei zvakadaro? Zvinofanira kuva iZvozvo.

²⁵⁸ Sei chechi iyoyo yakaiswa ipapo? KuItsigira. Kupi... Ndiani angadai akatsigira? Ndeipi Baptisti, kana Presbyteriani, kana Lutherani ingadai yakatsigira musangano wekupodza

kwaMwari? Zvino kana Chokwadi chauya, chii chinoitika? Kwete chikwande; asi Hupenyu hunobuda kubva muchikwande, huchipinda chaimo mutsanga, Hupenyu chaihwo hwechokwadi. Sangano rinomira ipapo, rinofa, sezvarakaita muzera rega-rega, rinoita zvimwe chete. Makabuda mariri, makore 50 akapfuura, uye mukadzokera kunopinda mariri zvakare! Asi Hupenyu chaihwo hunotevera tsanga, tave panguva yekuguma, hama.

²⁵⁹ Chakabvira chii? Kuitira kuti chiunze tsanga muhupo hweMwanakomana, kuibvisa tsanga kuti itsvukire kuitira Tenzi. Sei chakabva? Saka, zvinokonzeresa marwadzo emoyo, misodzi, kuti havagari pamberi pez-u-v-a, asi M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a, kuti vaibviswe kuEvhangeri yechokwadi izere, kuratidza zvose zvakavimbiswa naJesu Kristu muBhaibheri. Pane Mutumbi uri kusimudzwa nhasi pakati pavanhu. Uye hakuchazovizve nemasangano, achaenda kuRaodhikia yakapfuma. Sangano rakabudirira nei? Mamiriyoni emadhora, nemamiriyoni emweya.

²⁶⁰ Uye Mufudzi aibva kupi? Kutu adzikunure hama dzaKe kubva muhutapwa. Ini—ini handizive; Mwari, ivai nesu, tibatsireiwo. Nzverai Shoko! Nzverai Magwaro! MaAri tinofunga kuti tine Hupenyu Husingaperi, uye ndiWo Ayo anopupurira Zvokwadi. Munoono, Mwari vakagovera Shoko raVo kuzera roga-roga. Zera rino nguva dzose . . .

²⁶¹ Jesu akatii paAkauya? Akati kuvanhu ivavo, “Imi vanyengeri! Munochenesa midhuri, uye muchivaka marinda evaporofita, uye madzibaba enyu akavaisamo. Uye muri vanakomana vamadzibaba enyu. Uye mabasa avakaita, nemiwo muchaaaita.” Zvinoramba zvakadaro, hama dzangu.

²⁶² Asi Jesu paanouya rimwe zuva, Mufudzi Mukuru wemakwai kubva paPentekosti zvichipfuura nemuna Luther kupfuura nemumazera ose, vakagamuchira Chiedza paChakauya nemuvatakuri (kwete kugamuchira chinotakura, vakagamuchira Chiedza; munoono, vakabuda), Achauya kuzodzikinura. Ndinofara kwazvo kuti ndinoziva kuti Ari kuuya zvakare. Oo, ungaverengerwawo here neboka raKe? Ungaverengerwawo here? Pane nzira imwe chete yekuzviita, kwete nekujoinha chechi, asi nekuzvarwa maAri. “Uye vose vaNdakapihwa naBaba, vachauya kwaNdiri, uye hakuna munhu angauya kunze kwokunge Baba vaNgu vamudana.” Munoono, ndizvo zvoga zviripo kwazviri, Chigamuchirei. Iye . . . Ndicho Chipa chega cheKisimusi chandinoziva, chipa chaMwari chaVakapa kunyika, Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga. Uye ndiYe mumwe chete, zuro, nhasi, nokusingaperi, Shoko. Maona? Mutendei muzuva rino, huzaro hweBhaibheri.

²⁶³ Kana zvakavanzika 7 izvozvo . . . Kumashure nemuMazera Manomwe eKereke iwayo, paive nezvakavanzika 7 zvakavanzwa. Ndiri kunyora bhuku raZvo. Uye mudzidzi

mukuru webhaibheri akati kwandiri nguva shoma yakapfuura, akati, “Hama Branham...” Munooona kuti Satani anoedza sei kukubvisa munzira? Akati, “Hama Branham, munozivei? Ndinotenda kuti Ishe vachakuzarurirai zvinotevera zvatinfofanira kuita. Ndiko ku...chichava chimwe chakavanzika chikuru chakavigwa pasi peZvisimbiso Zvinomwe izvi.”

264 Ndakati, “Kwete, handizvo, hama.”

265 Akati, “Chichange chiri chimwe chinhu chisina kana kunyorwa muShoko.”

266 Ndikati, “Kwete! Kwete! Makanganwa kuti, ‘Ani naani achawedzera shoko rimwe chete, kana kubvisa Shoko rimwe chete.’” Munooona, Zvitori imomo, asi vavandudzi vakundikana kuZviona, havana kurarama nguva yakareba zvakakwana kuti vaZvione.

267 Uye mazera apera zvino, tiri pano chaipo paRaodhikia. Uye rangarirai, zera reRaodhikia, Akanga ari kunze kwechechi, achigogodza, achiedza kupinda mukati: Eva akanga adzingira Adhamu wake panze. Mwari, ngavatibatsire. Ngatiende mberi kwemusasa kuti tiMwane. Ngatitamburei kunze kwemasuwo pamwe naYe. Ngatiendei kwaAri murufu rwaKe, mukuvigwa kwaKe, nemukumuka kwaKe; nokuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

268 Ngatiimbei rwiyo rumwe tisati taenda. Muchadaro here? *NdinoMuda*. Mungatipewo kiya here, hanzvadzi? Vangani vanoziwa rwiyo rwekare? Ini...Kana makambove mumisangano, ndinorwuda.

269 Zvino ngatingovharai maziso edu, tigofunga nezvaJehovha. Hapana aikodzera, hapana aikwanisa kuzviita kunze kwaKe. Zvino Akaburuka, ndokuva mwana mucheche. Akava, wezera rekuyaruka. Akava muvezi wemapuranga, murume anoshanda. Akava Gwayana, Akava chibayiro. Akamuka nekukunda, Jehovha. Uye saMosesi akavhomora ruoko rwake kubva pachipfuva chake kubva pamusoro pemoyo wake, Mwari vakavhomora ruoko rwaVo kubva pachipfuva chaVo (chakavanzika chaVo) Mwanakomana waVo akarohwa nechirwere chechivi, chisingarapike; ndokuRwudzosera muchipfuva zvakare, ndokuRwuvhomora kunze ndokuRwutambanudzira kwauri neni: “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

270 Tarisa kwaAri zvino.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

271 Vangani vanoziwa kuti aifanira kunge ari mufudzi, itai kuti “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Kufanira! Sei mufudzi? Zvaifanira kudaro. Zvino tichiimba ndima imwe chete iyi zvakare, tambanudza kune rimwe dive retafura. Pane muMethodisti, muBaptisti, muLutherani, muPresbyteriani, muKatorike, navose, vagere muno manheru ano. Kwazisanai maoko, muti, “Mupfuuri pamwe neni, ndinofara kwazvo kuva pano nemi, manheru ano.” Taura chimwe chinhu kwavari. Iti, “Mwari vakuropafadzei,” patiri kukwazisana maoko zvino. Apo patiri kurwuimba zvakare zvino.

Ini...[Chibenga chisina chinhu patepi—
Mupepeti]
...ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

272 Zvino ngativharei meso edu uye tisimudze maoko edu, uye tiMuimbire.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

273 Uye zvino, Mwari havana chimiro. Saka, ngatikotamisei misoro yedu tirwumbe mahon’era zvino, sevana vaduku, muri vana vaMwari. Usatarise izvo nyika ingafunge, iwe uri kunamata zvino, uchinamata Kristu. Ingokotamisa misoro yenyu morwuimba mahon’era. [Hama Branham vanoimba mahon’era kuti *NdinoMuda*—Mupepeti]

274 Haunzwe here kuita sewanyatsokweshwa? Kungoita seChinhu changokwiza kupokana kwese nyika kuchibva paUri? Unonzwa saizvozvo here? Simudzai maoko enyu, “Ndinongonzwa kunyatsokweshwa. Ndinonzwa zvakasiyana. Ndiri kunzwa kunge ndanga ndichidya kubva mumaoko aKe. Ndine...” Sokupupura kwaita hama pano, “Chikafu, Chikafu cheMufudzi, Chikafu chemakwai.” Ndiro Shoko.

275 Makwai aMwari anodya Chikafu chaVo, “Munhu haangarami nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo maMwari.” Zvino ndiro iRi, Bhaibheri. Tinodya paShoko rimwe nerimwe, kwete mamwe emaShoko chete, asi Shoko rimwe nerimwe rinobuda. Oo, hazviite kuti uMude here? Kufunga kuti zvino tine neHupenyu Husingaperi! Kwete kuti tichava, *zvino* tiri vanakomana vaMwari. Kwete kuti tichava, zvino! Uye takagara pamwe chete munzvimbo dzeKudenga *muna* Kristu Jesu. Uye terevhizheni huru, inotaura kuti kune masaisai emumhepo anoita vanhu (munhu anofamba achipoterera nyika) anozivikanwa nepa—nepaskirini yeterevhizheni. Shoko guru raMwari, uye neMweya waMwari uchitora Shoko raMwari, unoratidza Jesu Kristu ari munzvimbo dzekumatenga kumakwai aKe, kuti ndiYe mumwe chete zero,

nhasi, nokusingaperi. HaAshamisi here? Zvinoshamisa! Mwari vakuropafadzei.

²⁷⁶ Zvino ngatisimukei kwechinguvana. Mune mumwe munhu wekutiisira munamato here? Zvino, rangarirai, panguva yeKisimusi, namatai Ishe Jesu. Munamatei muSimba rerumuko rwaKe. Uye kana ndingakwanisa kukuitirai nyasha (iwe, mufundisi wako, chechi yako, kana chimwe chinhu), husiku haumbonyanyisi kusviba, mvura haizombonayi zvakanyanyisa.

²⁷⁷ Humwe husiku (pane mudzimai akamira pano) ndakanga ndakabatikana zvikuru, ndakabatsira varwere nezvimwe zvakadaro kusvikira...Paive nemudzimai ane makore 80 akange arasika njere dzake, uye akanga ane...aifunga nezvekuva nemwana kana chimwe chinhu, akange arasika njere. Zvino Billy, kubva kuhofisi, akandifonera, akati, “Baba, munogona here?”

²⁷⁸ Ndikati, “Handikwanise iko zvino. Kune vanhu... Handitongogoni kuzviita.”

²⁷⁹ Akati, “Baba, mungaendawo pamunamato here? Ndichavaudza kuti muri kunamata.”

²⁸⁰ Ndikati, “Hongu.” Uye panguva imwe chete iyoyo chaiyo akabva abengenuka. Akarara, akamuka ari muchinhano chake chamazuva ese; akadya, svusvuro yemanheru yehuku yose, pfungwa dzadzokedzana. Munhu wacho anga akamira pano achipupura nezvazvo nguva shoma yapfuura.

²⁸¹ Hama Mack, ndavaona pano nguva shoma yapfuura, pane imwe nzvimbo muchechi. Vari pano, mumwe wevafundisi, mufundisi vepano. Hama inodikanwa zvikuru, uye ndagara ndichida Hama Mack kubvira pandakatanga mushumiro. Zvino ndakasangana navo. . .

²⁸² Uye ndakanga ndiri kumusoro-soro kuBritish Columbia; uye kungokuratidzai kuti Mwari vanoshanda sei zvinhu zvese mukunaka. Ndakanga ndatogara pabhiza, uye ndakanga ndava kudzokera murenje kwandakanga ndatungamirira boka rose remaIndia kuna Mwari; uye vose vakanga vatendeuka, uye vaive vagamuchira Jesu.

²⁸³ Uye kubudikidza nechiporofita chakaudza mukomana wechiIndia akanga arasikirwa nebhiza rake, makore 2 akapfuura, chikamuudza kwaaizoriwana, kuti raizova kure zvakadini, uye nepaizove pakamira bhiza racho. Mai vake vachifa nechirwere chekukundika kwemoyo. Vakapodzwa uye vakaponeswa. Zvino mukomana uyu, achingouyapo nekuzviona, uye achiziva kuti iye. . . bhiza rake rakawanikwa chaizvo nenzira yaakaudzwa, nezvose.

²⁸⁴ Hapana Shoko rimwe chete rakambotaurwa naShe... Ndichabvunza chero ani wenyu, “Ko iVo...makamboVanzwa vachitaura chero chinhu, chaVakambondiudza kuti ndikuudzei,

kunze kwezvakaitika nemazvo?” Kana zviriro izvo, itai “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Maona? Maona? Nemazvo chaimo, haChina kumbokundika kana imwe nguva.

²⁸⁵ Zvino Hama Mack vakanga vakarara vave kuda kufa, uye zvakangoitika kuti mudzimai wavo akafonera Billy... mudzimai wemwanakomana wangu, uye vakaudza... vakabvunza kwandaive; mudzimai mudiki iyeye akanaka uye... mudzimai wavo. Uye iye... Zvino muroora wangu akati, “Vari kure kuchamhembe kweBritish Columbia parwendo rwokuvhima.”

²⁸⁶ Zvino mangwanani iwayo, neimwewo nzira, ini—ini—ini ndakangotadzawo kutasva bhiza iroro ndichibuda. Zvino Billy akabva ati, “Ndinotenda kuti ndichafona kumba zvakare.” Zvino akabva aenda paiva nenhare kunofona. Zvino hevanoi vachiuuya vachimhanya vachidzoka, apo muIndia mudiki akamira ipapo, mudiki... uye aive nebhiza, ndokuti, “Hama Mack vavete pachinhano chekufa, uye vari kukufonerai.”

²⁸⁷ Zvino ndakaburuka, ndikaenda musango ndokupfugama. Ndakati, “Mwari vanodikanwa, zasi-zasi, mamaera 3,000 mhiri kwenyika, mudunhu rine zuva rakajeka reArizona, muTucson, kune hama yangu, uye avete ave kuda kufa. Mungavabatsirawo here?”

²⁸⁸ Pane chimwe Chinhu chakangotaura neni kuti, “Zvese zvakaringana.”

²⁸⁹ Zvino pandakauya kuna Hama Mack rimwe zuva, kuti nditaure navo, zvino ndakavabvunza, “Nguva ipi yazvakaita?” yakanga iri nguva imwe cheteyo chaiyo yatakatanga kunamata.

²⁹⁰ Oo, iYe... HaAshamise here? Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ndinofara zvikuru kuziva kuti ndinogara muHupo hwaMambo.

²⁹¹ Ngatikotamisei misoro yedu zvino, uye hama duku inokosha iri pano, hama mumishinari, shamwari yangu, nhengo yeAssemblies of God, hama duku inokosha pano. Ndinovati, “Creechy.” Vakataura zvinhu zvakanaka kudaro. Hama Creech, ndinokudaidzai saizvozvo. Handizive zvekutaura, muri hama yangu uye muranda pamwe chete neni mukutambudzika kwaJesu Kristu muzuva rino rekupedzisira. Mwari vakuropafadzei. Uye ndinofunga Hama Tony vataura kuti mange muri kuzoparadzanisa ungoro panguva ino, tichikotamisa misoro yedu. Zvakanaka, huyai. 🙏

64-1221 Sei Aifanira Kuve Ari Mufudzi
Ramada Inn
Tucson, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org